КК2
СТ Ж-89
63

**Арал** КИТАПХАНАСЫ

Сайлаўбай Жумағулов




# Мениң ҳаялым жазыўшы

Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач ____

Зак. В-102—2? тир.—84 г

ККЗ
ст Ж-88

*С. Жумағулов*

# МЕНИҢ ҲАЯЛЫМ ЖАЗЫЎШЫ

(Юморлық гүрриңлер)

Республикалық балалар
китапханасына!

Ең жақсы тилеклер менен
мениң китапымды сыйладым. Китапты хәдирлеп, сыйлаң!
автор

«Арал» журналы редакциясы
1992—жыл

10.04.2000

ЖУМАҒУЛОВ С.
Мениң ҳаялым жазыўшы.
Юморлық гүрриңлер
Нөкис «Арал» журналы
редакциясы 1992. 60-бет.

*Юморист Сайлаўбай Жумағуловтың бул топламына соңғы жыллары жазылған юморлық гүрриңлери менен қысқа юморесткалары кирип отыр. Автор айналамыздағы жүз берип атырған ҳәр қыйлы кемшиликлерди сатиралық тил менен емес, ал юморлық күлки менен «емлеўге» ҳәрекет етеди.*

*Бул бизиң редакциямыздан шығып отырған топлам китап оқыўшыларымыздың кеўилинен шығады деп ойлаймыз.*

222435
ККАССР
Республиканская детская
библиотека
MA'LIMLEME
RESURS
ORAYI
9648

Редактор: М. Нызанов.
Тех. редактор: Я. Ажимов.
Корректор: Р. Қыдырбаев.

Көлеми 3,0 баспа табақ. Басыўға рухсат етилген ўақты 3. 03. 92.
Баҳасы шәртнама бойынша.

НПК. Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси, 9.

## БҮГИННЕН ҚАЛДЫРМАЙ ЖИБЕРЕГӨ....РР!

Район орайында еки күнликте ғана бир таза монша ашылған еди. Оның жаңадан болған баслығы столында бир қағазларға көмилип отыр. Усы ўақытта есик қағылып, ишке бир келте бойлы киси кирип келди.

— Иним, алдыңызға мүмкин бе?

— Келиң, жасы үлкен,—деди баслық көз әйнегин алып ҳәм шаршаған көзлерин сыпырып.—Хош, келип қалыңыз!

—Бир тазадан монша ашылыпты деп еситтим. Сол моншаның баслығы сиз боласыз ба?

— Аўа, биз боламыз. Ал, хызмет?

— Мениң үйим усы жерлерге жақын еди. Жақында ислеп атырған жеримдеги штатым қысқарып, жумыссыз қалып қойдым. Моншаңыздан бир қолайлырақ жумыс болса ислер едим.

— Ҳим, онда жумысқа алың дейсиз ғой!

—Аўа, аўа иним!—деди келген киси бийшара жалбырақлап.

— Пай, ертерек хабар алмайсыз ба, жасы үлкен. Штатлар деген толып қалды. Тек бир орынның рети бар, бирақ сизге ол жумыс болмайды-аў.

Келген киси отырған орынан бир қарыс көтерилип «шыр» ете қалды.

— Ҳаў, неге болмайды. Еки қолға бир жумыс деген, иним. Усы не жумыс болса да ислей беремен!

— Яқ, сизге қолайсыз,—деди баслық мырс етип.— Бизге ҳаяллар жағына билет кесип ҳәм ишин тазалап туратуғын «банщик ҳаял» керек.

— Ўәй, я-ғә. Тыржалаңаш ҳаяллардың үстине қалай киремен. Мен ол жағында ислей алмайман ғой!

— Аўа, сол айтып турғаным. Басқа штаттың орны болмай тур.

Келген киси қапа болып орнынан турды. Соң отырған орынлығын туўрылап қойып атырып сөйледи.

— Иним, онда биз турдық. Басқа жақлардан жумыс излестирип көрермен.

— Сөйте қойың жасы үлкен!

Арадан бир сааттай ўақыт өткен жоқ. Бул таза моншаның баслығының қапысы және қағылып, ишке аўыр турмысымыздың тәшиўишлеринен жүзлери көмирдей қарайып кеткен жап-жас келиншек кирип келди. Изине ерткен өзинен айнымаған қара домалақ баласы, қолында көтерген тор сумкасы бар?

— Сәлем бердик, мүмкин бе?

— Келиң, келиң қарындас!—деди моншаның баслығы буған көз әйнегиниң үстинен сүзилип қарап.

— Бир тазадан монша ашылыпты деп еситтик. Соның баслығы сиз боласыз ба?

— Аўа, биз боламыз,—деди моншаның баслығы көзиндеги көз әйнегине және асылып.—Жайша ма еди?

— Жайша болатуғын ба еди. Мына кишкентай балларымның себебинен үйде отырыңқырап қалып едим. Енди жумыс ислей жақпан. Бизге усы моншаңнан қолайлы бир жумыстың рети жоқ па?

— Ҳм...мм! Онда жумыс сорап келип отырман де!

— Аўа, аўа!

— Пай қарындасым, үйиң усы дөгереклерде жақын болса сәл ертерек хабар алмайсаң ба? Барлық штатлар деген толып қалды. Тек бир орынның рети болып тур, сизге ол орын болмайды аў!

— Неге болмайды екен,—деди келиншек бийшара қуўанғанынан көмирдей жүзлери жарқырап.—Еки қолға бир жумыс, усы не жумыс болса да ислей беремен.

Моншаның баслығы мыйығынан мырс етип күлди ҳәм басын шайқады. Бағанағы шешкен көз әйнегин тазалап, ойнақшыған түлки көзлерине кийип атырып сөйледи.

— Яқ, ол жумыс сизге болмайды дә!

— Тап, болады, ол не жумыс?

— Бизге еркеклер жағына билет кесип ҳәм олар шомылып атырғанда ишин тазалап туратуғын «банщик еркек» адам керек.

— Өйп-бей, маңлайым!—деди келиншек бирден ор-

ныннан турып кетип ҳәм бетин бармағы менен сызып.

— Қой, мен ол жағында ислей алмайман ғой. Тыржалаңаш шомылып атырған еркеклердиң арасында оның ишин қалай тазалап жүремен?

— Ақа, сол айтып турғаным. Болмаса, алар едим. Басқа орынның рети болмай тур, қарындасым.

Келиншек орнынан турып, баласын жетелеўи менен есикке қарай қозғалды. Оның изинен есик жабылыўдан, моншаның баслығы алдындағы қызыл телефонға асылды. Бир номерди асығыс терип, әллекимге бақыра баслады.

— Алло, алло...оо! Арзыгүлсең бе? Ҳаў, ана күнги жумысқа ал деп айтқан күйеў балаң менен қызыңды тезирек жиберсең...о! Дәрриў оларды буйрықтан өткерип қойайын. Мына жумыс сораўшылар дым көбейип кетип, есикти бир тындырар емес. Ҳәрқайсысын бир алдап жиберип атырман. Тезирек бүгиннен қалдырмай жиберего....рр!

## БУЛ СҮЎРЕТТИ ТАНЫП АЛЫҢ...

«Көк дукан» деп аталатуғын бул азық-аўқатлар дуканына бир-еки күннен бери қумшекер түсип, саўда әпәнедей қызып атыр еди. Усы пайытта ишке дуканның баслығы Сара апай келди де, төр беттеги өзиниң кишкене бөлмесине қарай туўры өтип кетти. Ол изинен ерип барып сәлемлескен ақ халатлы, сепкил бет сатыўшы келиншекке буйырып сөйледи.

— Тез, бәриңиз маған келип кетиң!

— Ҳаў, олар саўда жасап атыр ғой!

— Сен әдеп мениң айтқанымды орынлап үйренип ал,—деди дуканның баслығы қабағын үйип.—Дукан болғаннан кейин саўда деген тоқтамайды. Қарыйдарларды тез сыртқа шығарып, дуканды иштен жабың. Бир бес минутлық киширек ойласық өткерип алмасақ болмай тур.

Ақыры, дукан баслығының айтқаны болды. Сара апайдың өзи де дуканның ишин қарыйдарлардан босатыўға араласты. Олардың сонша тоңқылдағанына қарамай, сыртқа шығарып жиберилди. Дукан иштен илинип, бул дуканның үш сатыўшысы баслығының алдына кирди.

— Бәриңиз жыйналдыңыз ба?

— Ау̌а,—деди бағанағы сепкил бет сатыу̌шы келиншек.

— Сара апа, аманлық па?

— Аманлық емес, аманлық болғанда сизлерди бүйтип жыйнап отыраман ба? Мениң ушын бес минут болса да, сау̌да ислегениңиз пайда. Ал, сизлер бир хабарды еситтиңиз бе?

— Сара апа, ол не хабар?

— Районлық ОБХСС тиң баслығы—бизиң қайнаға Тилеу̌бай жумысынан босапты ғой!

— Не дейди, қашан?—деп орнынан ушып турды, екинши семиз сатыу̌шы келиншек.—Пай, ол жүдә жақсы адам еди.

Ақ халатының етеги кирлеп кеткен, узын бойлы, күни менен сөзге араласпай отырған үшинши сатыу̌шы келиншек оны мақуллай кетти.

— Сорама. Талай ана ручкаларын ийт ғайзаған «корреспондент»лерге қолға түскенимизде де, бәрин жау̌ып жибере беретуғын еди. Мен төрт рет қолға түстим, сонда да жеңил-желпи жазалар менен қутылдым.

— Ау̌а, ол өзимиздиң адам еди,—деди басын ийзеу̌и менен қыйланған дүкан баслығы.—Енди бизиң «көк дүкан»ға қыйын болатуғын болды. Дүканымызға тиси өтпей жүргенлердиң есап-саны жоқ. Енди неде болса сақ болыу̌ымыз керек. Сол қайнағамыздан тартынып дүканымызға бирде ОБХСС хызметкерлери бас суқпайтуғын еди. Енди олардың аңлығаны бизиң дүкан болатуғын шығар. Сол ушын усы бастан қарыйдарлар менен сау̌даны абайлап ислемесек болмайды.

Өзлериниң баслығының сөзин үш сатыу̌шы келиншек мақуллау̌ менен болды.

— Ау̌а, абайлап сау̌да жасайық!

— Гүлпаш, тәрезиден урып қалыу̌ды да азайта турайық. Сен гейде инсапсыз кетесең!

— Оларды базда жүзинен билмей қалатуғынымыз бар-ау̌,—деди жаңағы Гүлпаш деген екинши сатыу̌шы келиншек мырс етип,

— Болмаса тәрезиден урыу̌дың неше түрин билемиз. Қәнекей, оларды бир жақсылап танып алғанда!

Сара апа усы у̌ақытта бирден өзинен-өзи жанланып кетти. Сау̌да тарау̌ындағы сумлықтың неше түрин билетуғын бул апай өз сатыу̌шыларын таң қалдырып, сақлық пенен қапыны жау̌ып келди. Сөйтти де, сумка-

сынан бир сүўретти шығарып, олардың алдына тутты.

— Мине, танып алыўға қызықсаңыз. Кешеден бери усыны излеп жүрип, бүгин зорға дегенде қолыма қуўыстырдым. Ал, мына сүўреттеги жигиттиң ким екенин билесиз бе?

— Маңлайым, бул ким?—деди үшинши сатыўшы келиншек.

— Әдеп жақсылап танып ала бериң, кейин ким екенин айтаман!

Бул сүўрет демде үш сатыўшының қолына алма-гезек өтти. Олар сүўреттеги ат жақлы, өткир көзли, галстугин ширенип таққан жигитке қанша үңилсе де таныйай-ақ қойды.

— Ал, онда сүўретти көрип болдыңыз ба?

— Аўа, бул ким өзи?

— Бул районымызға жаңадан келген ОБХСС тың баслығының сүўрети.

— Әстапыралла. Жап-жас ғана жигит екен. Сиз бул сүўретти қалай қолға түсирип жүрсиз?

— Республикалық газеталарға сүўрет жиберип туратуғын бир фотохабаршы қәйнимиз бар еди. Соған күнде барып жалынып, таза ОБХСС тың баслығының сүўрети дым керек болып турғанлығын айттым. Бағана ол усы сүўретти қолыма услатып: «Ал бир жыйналыста отырған жеринде зорға түсирип алдым. Адам баласына буны айтып жүрме» деп қуўантып жиберди.

— Пай, апа, бул тапқырлығыңызға қайыл қалдым, — деди бағанағы екинши семиз сатыўшы келиншек сүўретке және үкиге үңилгендей үңилип.—Бул жигиттиң табаны дүканымызға тийиўден сақ болайық. Сауданы қағыйдалары менен жасайық!

Буннан кейин үш сатыўшы келиншек таласып жүрип, бул сүўретке және бир-бирден үңилисип алды. Олар усы ўақытта бир нәрседен хабарсыз еди. Бул тис қаққан, сум дүканның баслығына бир пәнт бериў ушын фотохабаршы қәйниси оған ОБХСС тың баслығының сүўретин емес, ал бир қурылысшы жорасының сүўретин берип жиберген еди.

## ОРЫНБАСАР САЙЛАЎ

Бурынғы совхоз директоры салы сатып урылып кетти де орнына аўыл хожалығы министрлигинен жаңа-

лан биреў келди. Ол сол күни жумсақ орнында шайқатылып отырып, өзинше ойларға берилди. «Ҳим, бул совхозға бүгиннен баслап директор болып сайланып келип атырман. Енди таза жумысты неден басласам екен? Ҳе, таптым. Мен бул жаңа жумысымды өзиме қолайлы бир жақсы орынбасар сайлап алыўымнан баслаўым керек.

Так, бул маған орынбасарлыққа ким қолайлы екен. Совхоздағы ең ири фигуралардан бас инженер, бас агроном, бас бухгалтерим бар. Басқаларын қоя турып, қалай болмасын усы үшеўиниң ишинен биреўин өзиме орынбасарлыққа сайлап алыўым керек. Совхоз жәмәәтине салып, бирден көзди жумып сайлап жиберсем болмайды. Тағы бир аяғымнан шалатуғын қырсық, я өжет биреўи маңлайыма тап бола кетиўи мүмкин. Оннан гөри ишинен тил алғыш, не айтсам еменлеп кете беретуғын биреўин алжаспай таңлаўым керек. Ол ушын бул үшеўин бир қатар сынап көриў операциясынан өткермесем болмайды. Оларды қәйтип сынасам екен, бала?»

Усы ўақытта таза директор басына сап ете қалған бир ойларға күлимсиреп қойды. Ол ишинен өзинше сынап көриў операциясын дүзип таслаған еди. Тек енди буны иске асырыў керек. Ол столының қапталындағы кнопкасын басып қалып еди, қапыдан секретарша қыздың үрпек шашлары көринди.

— Қайыпберген Худайбергенович, шақырдыңыз ба?

— Аўа. Мениң алдыма биримлеп бас инженер, бас агроном, бас бухгалтерди шақырып бер!

— Болады, Қайыпберген Қудайбергенович. Ҳәзир оларды биримлеп алдыңызға жиберип отыраман.

Үрпек шаш секретарша қыз қапыны жаўып шығып кетти. Көп узамай бул қапы және ашылып, ишке көз әйнекли, тик бойлы, сынбаты келискен, совхоздың бас инженери кирип келди. Ол таза директор менен ийек қағып сәлемлесип, алды бетиндеги орынлыққа барып отырды. Алдына қолындағы блокнотын қойды.

— Бизди шақырған екенсиз!

— Аўа. Ал, жумыслар қалай?

— Еплеп қатарда жүрмиз. Совхозымыз быйыл мәмлекетке салы тапсырыў планын орынлай алмай қалды.

— Неге?

— Тухым салыдан алжастық. Салыларымызды қызыл салы басып кетти.

Жаңа директор усы ўақытта бағанағы басына сап ете қалған сынап көриў операциясын әсте баслады. Столының үстиндеги ағаш стакандағы бир қәлемди алмақшы болған болып, жортаға оны төменге домалатып түсирип жиберди. Соң столының астына үңилип атырып:

— Пай, жаңағы қәлем қаяққа түсип кете қойды?— деп өтирикке жөгисиреди.

Бас инженер кирген пәттеги отырысын бузбай, төмен бетке сәл қыялап көз жиберди де:

— Столыңыздың астында жатыр. Ана шеп туяғы бетинде. Ал, мен де басқа жумысыңыз жоқ па еди?— деди.

— Яқ, кете берсеңиз болады!—Таза директордың қабағы үш ели түсип кетти.—Кейин бир сөйлесип аламыз.

Ол столының астындағы өзи жаңа ғана түсирип жиберген қәлемин еңкейип алып атырып, бул жигиттиң изинен басын шайқаўы менен гүңкилденип қойды. «Бул бас инженериң маған орынбасарлыққа жарамайды екен. Тик питкен биреў ғой, маған керек десең қолын созып сәлемлескиси де келмеди. Тағы стол астына жортаға түсирип жиберген қәлемимди алып бериўге жарамады. Бир нәҳән совхозға директор болып атырмыз, еңкейип алып бере қойғанда бели үзилип кете қояма екен. Маған бундай орынбасардың кереги жоқ. Қәне, енди бул орынға бас агрономды сынап көрейин. Ол қандай жигит екен?»

Усы ўақытта қапы ашылып, бас агроном жигиттиң өзи де кирип келди. Ол жигитте тик келип, буның менен бас ийзеп сәлемлести. Соң буның қарсы алдындағы орынлыққа отырып сөйледи.

— Қайыпберген аға, шақырған екенсиз!

— Аўа, ал жумысларың қалай?

—Жүдә кеўилдегидей болмай тур. Енди сиз таза директор қолға алмасаңыз, бурынғы директорымыз мениң айтқанымды тыңламай, тухым салының ақшасынан қашаман деп, салыларымыздың бәрин қызыл салы басып кетти. 340 мың манаттай зыянға қалдық.

Директор бир жөткиринип алып және бағанағы сынап көриў операциясын баслап жиберди. Стол үстин-

деги стакандағы қәлемге қолын созған болып, оны жәнө жортаға жерге түсирип жиберди де:

— Жаңағы қәлем сен бетке түсип кетпеди ме?—деп төменге мойнын созды.

— Аўа. Әне жатырыпты. Мына, мен беттен айланып келмесеңиз алалмайтуғын шығарсыз!

Директордың қабағы бурынғыдан бес бетер үйилип кетти. «Бул жигитте маған орынбасарлыққа болыңқырамайды екен. Директорының түсип кеткен қәлемин алып бералмаған орынбасардың не кереги бар. Тағы отырысын бузбай не дейди десе. «Мына мен беттен айланып келмесең алалмайтуғын шығарсыз» дейди аў. Ой, жаман. Қой, бундай орынбасардың жолы армаған. Енди ең соңғы үмитим—бас бухгалтеримди сынап көрейин».

Бас агроном жигит өзиниң неге шақырылғанын түсинбей, ийнин қысыўы менен шығып кетти. Ол шығыўдан ишке биреў епелеңлеп кирип, буған қарай «ассалаўма-әликум» деп қос қолын ала жуўырды. Совхоздың бас бухгалтери усы жигит екен. Ол буның қолын узақ жибермей турып, аўҳал сораса баслады.

— Ал, жасы үлкен үй-ишлериң аман ба? Жеңгей тәндар ма? Бул келип атырған жаңа орныңыз қутлы мүбәрек бола берсин. Бизди шақыртқан екенсиз, алдыңызға келип турмыз!

— Аўа, отырың!—деди таза директор қолынан келгенше салдамлы болыўға тырысып.

— Ләббай, бир нәрсе дедиңиз бе?

— Отырың деймен!

— Түргелип тура берейин!

— Яқ, отырың!

— Болады, жасы үлкен. Сиз айтсаңыз отырамыз, тур десеңиз турамыз.

Бас бухгалтер абайлап ғана орынлыққа отырды. Директор оның жүзине қайыл болып қарап қойды. Соң бағанағы бизге таныс сынап көриў операциясын баслап жиберди. Стакандағы әп-әнедей турған қәлем столдың астына домалап түсти де кетти. Буны көзи илип қалған бас бухгалтер столдың астына сүңгип кетип, еңбеклеп жүрип қәлемди излеў менен болды. Таза директор усы ўақытта барып бир күлимсиреп қойды.

— Не қылдың, таптың ба? Мен бетке түсип кеткен шығар, қарасайын ба?

— Яқ, қыймылдамай отыра бериң. Өзимиз табамыз. Сиз бул жерде сиқейип ҳәлекке қалмаңыз. Мине, таптым, алыңыз!

Бас бухгалтер жигит столдың астынан қос қоллап, бағанағы жерге түсип кете беретуғын «қәлем»ди ырзашылығы менен буған усынды. Директор оны стаканына салып атырып, бир ҳәз етип кеўилленип қойды.

— Яқшы, рахмет. Ал, аўыздағы секретарша қызға барып айтып кет, маған орынбасарлыққа дәрриў, сизге буйрық таярласын. Совхоз жәмәәти болса ертең биле берер. Сиз бүгиннен баслап мениң орынбасарым болып сайландыңыз!

## «ҒАМХОРЛЫҚ»

Кеңсеме жаңа кирип, басымдағы қалпағымды кийим илдиргишке иле бергеним сол еди, изимнен жасы биразларға барып қалған биреў жетип келди. Бирден салмақлы түр-түсинен таный кеттим.

— Ассалаўма-әликум, Сәрсен аға!

— Уәликум-ассалам. Иним, ал өткен ҳәм киятырған байрамларыңыз бенен!

— Рахмет, жасы үлкен.

— Мен Сәрсен Абутович деген киси боламан. Билетуғын шығарсыз?

— Билгенде қандай, ақсақал. Бурын трестимизде неше жыл бас инженер болып иследиңиз, соң төрт жыл трест басқардыңыз. Усы күнлери ҳүрметли дем алыстасыз!

— Рахмет иним, бул қурақым танығаныңызға,—деди ол жумсақ орынлықлардың биреўине мәдениятлылық пенен отырып атырып.—Ал, онда алдыңызға бир жумыс пенен келип отырман. Сизиң СМУ да мениң бурынғы күйеў балам ислейтуғын еди, қурылысшы. Билетуғын шығарсаң, киши қызым менен ажырасып кетип, ҳәзир оған алимент төлеп отыр.

— Аўа, оны жақсы таныйман,—дедим мен ол жигити ядыма түсирип.—Ол бизлерге гербиш өриўши болып ислейди.

— Иним, сеннен жасыратуғын ҳеш нәрсе жоқ. Сол баланы қызым менен ажырасып кетсе де бир тәўир көремен. Жақсы бир минезли жигит еди, әттең қызым балашылық етип ўақтында қәдирин билмеди. Жигит

енди басқа биреўди алып кетти. Мейли, оны қояйық. Сол жигитке бир айлығы көбирек, мастерлик жумыс қарастырып көрсең...о. Бир ислесин, өзи қурылыс техникумын питкерген бала!

Мен орнымнан қозғалып қойып, бул жасы үлкенге сүйсинип қараў менен болдым. «Рахмет, бул адамға. Бизиң арамызда еле бундай инсаплы адамлар баршылық екен аў. Болмаса, биреўлердиң бурынғы күйеў балларын атыўға оғы болмайды. Ал, бул бийшара болса өз қызын таслап, басқаға үйленип кеткен күйеў баласына ғамхорлық етиўге келипти».

— Болады, ақсақал,—дедим мен.—Сиздей жасы үлкенниң сөзин сындырмаймыз. Бир мастерлик орынның рети болып тур. Ертеңнен баслап сол орынға буйрық беремен!

* * *

Арадан ярым жылдай ўақыт өткен жоқ. Кеңсеме баяғы жас үлкен және күлимсиреп кирип келди. Тағы қолымды ала жуўырдым.

— Ассалаўма-әликум, Сәрсен Абутович!

— Ўәликум-әссалам. Ал, иним айыпқа буйырмайсыз. Алдыңызға және келип қалдық. Сиздеги бурынғы күйеў балама және бир ғамхорлық етейин деп келип едим. Рахмет, сиз мениң өтинишимди жерде қалдырмапсыз. Сол күнниң ертеңине мастерлық орын таўып берипсиз. Енди сол баланы бир бригадир етип жибериўиңиздиң рети жоқ па? Айлығы көбейип, бир қуўанып қалсын. Билмеймен, мен, сол баланы жақсы көремен. Соған удайы қандай да бир ғамхорлық етким келеди де турады...

* * *

Көп узамай арадан жыл өтти. Бир күни енди кеңсемнен шығайын деп атыр едим, қапы ашылды да және Сәрсен Абутовичтиң басы көринди.

— Келиң, жасы үлкен!

— Ал, иним ўақтыңды көп алып отырмайман. Айыпқа буйырмайсыз, және арағa бир жыл салып келип отырман. Тағы сиздеги бурынғы күйеў балам бойынша келип едим. Сизге көп-көп рахмет. Дәрриў оған бригадирлик жумыс берипсиз.

— Аўа, берлик. Ол жигиттиң өзи жумысты алып баратуғын бала екен. Бирақ, сизге таң қалып жүрмен.

— Неге?

— Бизиң мәкемеде Сәтилла деген жасы үлкенимиз бар. Ол бурынғы күйеў баласының изине жалаңаяқланып түсип, усы оған күн көрсетпей жүр. Жазбаған жери жоқ, еки мәрте жумыс орпынан қозғады. Ал, сиз болсаңыз...

— Ол кисиники надурыс, бул адамгершиликке жатпайды. Балалар айырылысқаннан кейин ондай сауданы қоя қойыў керек. Ата-бабамызда «тас пенен урғанды, ас пенен ур» деген гәп бар.

— Дурыс, жасы үлкен. Ал, мениң алдыма жайша келдиңиз бе?

— Яқ. Бүгин де қолайсыз болса да сол бурынғы күйеў балама және ғамхорлық етейин деп келдим. Бир прораблық орынның ретин қарастырып көрмейсең бе?

— Яқшы, жасы үлкен. Бул қурақым айтқанларыңды ислеп киятырман ғой, қуда қәлесе ендиги жағында да қайтпаспан. Бир прорабымыз өз жумысын апара алмай жүр. Сол орынға таярлана берсин!

— Рахмет, иним!

Ол үлкен миннетдаршылық пенен қолымды қайта-қайта қысып, соң кеңсемнен хошласып шығып кетти. Усы пайытта ишке мәкемемиздиң бас бухгалтери Мырзабай аға кирип келди.

— Келиң, Мырзабай аға,—дедим мен оның қол қойдырыўға алып келген қағазларына көз жүўыртып атырып.—Сиз жаңағы шығып кеткен жасы үлкенди билесиз бе? Дүньяда не бир ақыллы, адамгершиликтен айырылмаған адам бар аў. Булардан бәримиз үлги алыўымыз керек. Болмаса, ким өзиниң қызын таслап кеткен бурынғы күйеў баласын жақсы көреди. Ал, бул болса, оған удайы ғамхорлық етиў менен жүр.

Мырзабай аға бирден ғарқылдап күлип жиберди.

— Неге күлесиз?—дедим мен оған ашыўланып.

— Сизиң айтқанларыңыз дурыс, бирақ бул ғамхорлықлардың астында не жатырғанын билесиз бе?

— Яқ, не жатырыпты?

— Әне, буны билмейди екенсиз,—деди ол маған тақалыңқырап сөйлеп.—Мен ол адамды жақсы билемен. «Сәрсен сум» деген лақабы бар. Ол бурынғы күйеў баласына ғамхорлықты қуры жасап жүрген жоқ,

буның астында бир сыр жатыр. Болмаса, ол кисинин де бурынғы күйеў баласын атарға оғы, көрерге көзи жоқ. Ол ғамхорлықты астыртын, өз қызы ушын ислеп атыр. Себеби, бурынғы күйеў баласы бул жасы үлкенниң қызына 50 процент алимент төлейди. Оның лаўазымы үлкейип, айлығы қанша көбейген сайын, қызына алимент сонша көбейип барып түсип турады гой. Енди бир нәрсени түсиндиң бе?

Мен орнымнан ушып турып жағамды услаў менен болдым.

— Әстапыралла! Әстапыралла! Еле солай ма? Ал мен буны басқаша ғамхорлық деп түсинип жүрмен аў...

## «ГАЗЕТАҒА ШЫҒЫПТЫ»

Күндегидей кеште жумыстан келдим. Есиктиң аўызындағы бир төңкерилип қалған аяқ кийимди туўрылап енди ишке кирейин деп атыр едим, атыз беттен ҳаялымның даўысы шықты.

— Үйге кирмей-ақ қой,—деди ол бақырып.—Шайыңды биротала сол жерден барып ишерсең. Пирназар қоңсың бағана үйине шақырып кетти.

— Ҳе, аманлық па екен?

— Аманлық. Ол газетаға шығыпты. Соған бир ылағын сойып қоңсы-қобаларын шақырып атырған қусайды.

Пирназардың үйи көшемиздиң аяғында. Көк дәрўазасынан өтип, үйине кирип барсам, туўры зал ишине үлкен дастурхан жасалыпты. Айналасында қызара бөртип, бес-алты қоңсы-қобаның жигитлери отыр. Қашшан биринши аўқат тартылыпты, бир шетте иши босаған, үш-төрт шийше домалап жатыр. Мени көриўден бәри ғаўқылдасып қоя берди.

— Ал Есенбай келди. Жигитлер арманырақ жылысың!

— Бери өт, Есеке. Мына Пирназар жан қоңсымыз өмир тарийхында биринши мәрте газетаға шығыпты. Соған ол дастурхан жайып атыр.

— Қәне, Есенбайға мына кесени толтырып «штрафной» қуйың!

— Азырақ қоя турың,—дедим мен Жумабай қоңсымның жанына отырып атырып.—Ашпан, құрттай бир нәрсе жеп алайын. Ол қайсы газетаға шығыпты.

— Бүгинги «Еркин Қарақалпақстан» газетасына шыққаны.

Мен ортадағы аўқатқа тийистим. Ал, бул отырыс-ының басқарып отырған Өтебай тамада болса ҳәммени тыныштандырды.

— Қәне, жолдаслар, тамаданы тыңлаң. Есекеңниң қарнына ылақтың гөши барғанша бир екеўиңе тост бермесем болмай тур. Жумабай бир нәрсе айтсын!

— Дурыс, Жумекең айтсын!

Жумабай қоңсымыз шайқатылып орнынан турды ҳәм бир жөткиринип алып тост айта баслады:

— Жолдаслар. Пирназар қоңсымыз бүгин газетаға шығып атыр екен, қутлы болсын. Қудайым узағына қуўансын. Кимге болса да газетаға атын шығарыў деген, бул үлкен қуўаныш ҳәм абырай. Себеби сениң аты жөнинде пүткил барлық республикамыз биледи. Қәне, Пирназардың алдағы ўақытлары және де усындай етип тез-теўзден газетаға шығып турыўы ушын алып қояйық!

Барлығымыз кеселеримизди көтерип, тартып жибердик. Буннан кейин тамада тостты көшемиздеги Әбиў почтальонға берди.

— Ал, мен тостты қысқа айтаман,—деди ол да орнынан турып.—Пирназар қоңсымыздың газетаға шыққаны қутлы болсын. Ол енди тек ғана газеталраға емес, ал орайлық «Советский союз», «Огонек», «Новый мир» деген журналларға да шығып турсын. Усы ушын алып жиберейик!

Бәримиз кеселеримизди және төңкерип тасладық. Ендиги тост маған берилетуғынын билип, мениң тезирек ол газетаны көргим келип кетти.

— Жигитлер, бираз иштик ғой. Енди жаңағы газетаны ҳәммемиз оқып. Пирназардың газетаға қалай шыққанын бир көрсек қалай болады?

— Аўа. Есекең дурыс айтады,—деди мени Турғанбай деген қоңсым қоллап-қуўатлап.—Ал, мен сол газетаны оқымағанша ишпеймен.

Дастурханның бир мушында бүгинги газетаға шыққанына мәсирип, жамбаслап жатырған үй ийеси есик бетке қарай ериншеклик пенен бақырды.

— Жумагүл, ҳа Жумагүл. Түстеги газетаны алып кел. Мыналар көремиз деп атыр ғой!

Көп узамай газета ишке алып келинди. Мен көзиме

көз әйнегимди кийип, оның бетлерин ақтара басладым.

— Қайсы бетинде еди?

— Үшинши бетине қара,—деди үй ийеси қозғалып. Соның төменирегинде «Тасымалшыларға жол жоқ» деген теманың ишине қара. Астын көк сыя менен сызып қойыппан, сол жерди оқы!

— Таптым, ал тынышланың,—дедим мен сызылған жерге көзим түсип.—Пирназар қоңсымыздың газетаға шыққан жерин оқыйман: «Республикамыздағы айырым мәкемелерде жумыс орнынан зат алып кетиў фактлери, яғный тасымашылар еле азаймай атыр. Бул тәртип бузыўлар мәмлекетимизге үлкен зыян бермекте. Мәселен, макарон ислеп шығарыў заводының алдыңғы рабочийы Пирназар Ерлепесов усы жыл 19 июль күни, кешки саат 22 лердиң ўақтында дийўалдан асырылып түсип, қағаз қалта менен 16 килограмм макарон алып кетип баратырған жеринде усланды. Оған халық суды тәрепинен 200 сом штраф салынды».

Мениң қолымнан газета түсип кетти. Күни менен кеўилленип отырған қоңсы-қобаларда тым-тырыс қалды.

— Ҳаў, Пиреке!—дедим мен зорға сөйлеп.—Сен газетаға усы критикаланып шыққаныңды жуўып атырсаң ба?

— Аўа-дә! Буған қатты қуўанып отырман. Дүньяға шыққалы биринши мәрте газетаға аты-жөнимниң басылыўы. Әкем бийшара да бүйтип мен қусап газетаға шыға алмай кеткен шығар. Еки жүз сом штраф садақа, бәринен де газетаға шыққанымды айтсаң...о. Мениң аты-жөнимди енди дуйым журт билетуғын болды. Ал, қәне және бир мәрте кеселерге толтырып қуйып жибериңлер!

## ТОЙ БЕРЕТУҒЫН ҚҮН...

Үлкен бөлме ишине төселген көрпешелердиң үстинде онбеслеген адам жыйналысып отыр. Ортада кең дастурхан, онда ақ майға қызартып писирилген баўырсақлар менен кишкене дөңгелек шөреклер жайып тасланған. Бул жерде алда болатуғын сүннет тойдың мәсләҳәти өткерилип атыр.

Көше бийи кесесиндеги суўып қалған шайынан бир уртлап алып, қолындағы дәптерге үңилди. Пәтек алғанларға және бир мәрте ескерте баслады.

— Жигитлер, онда ҳәммеге түсиникли болды ғой, — деди ол. — Жаңағы қолларыңыздағы үлестирип берген петек қағазларыңыз бойынша, тойға айтып шыға бересиз. Түсинбеген үйлериңиз бойынша мына үй ишинен ҳәмир сорап алың. Кимниң, қайсы районды, алғанын мен жоба жазып алдым, тағы умытып кеткен жоқсыз ба? Я және бир мәрте еслериңизге түсирип өтейин бе? Ал, тыңлап алың. Өтебай, сен Шымбай районына толық айтасаң. Асқар сен дәрьяның аржағына кетесең, қайтарсын Тақыятасқа кирер жерде еки үй бар, соған айтасаң. Олар жақын қудалары, тағы шала болып жүрмесин. Зәрипбай иним сениң гөне болса да «запорежец» машинаң бар. Тахтакөпир менен Қараөзекти сен алмасаң болмай тур. Бензин, жағынан азырақ жәрдем беремиз. Кегейли менен Халқабадты Шәрибай ғаррының баласы Полат алды. Мотоцикли бар, зыр етип барады да қайтады. Өзи үш үй, базар жайдың ғана тусында. Халмурат ақырзаман дегенниң үйи қайсы десең, бәри айтады.

Турғанбай сениң көлигиң жоқ. Усы Нөкистиң ишин ала ғой. Бул той берейин деп отырған жигиттиң қәйин журты бар. Сол үйге айтып, кийетуғыныңды кийерсең!

Усы пайыт бул кеңес тойға кейинирек келип қалып, аўыз бетте отырған бир жигит сөзге қыстырылды.

— Той, онда усы алдымыздағы шемби күни ғой?

— Аўа. Куда-қәлесе сол күни жигитлер аман-есен тарқатып жиберейик.

Көше бийи қолындағы дәптерин жаўып, енди тойға хызмет ететуғынларға жумыслар бөлистире баслады.

— Асқар, сен иним жаныңа еки мықлы жигит алып, сол күни ерте азан менен ана қорадағы қызыл тананы соясаң. Караматдийин, сен еки қазанға палаў, бир қазанға гөш қайнатасаң. Турғанбай қошшым сен ишпейсең ғой, саған арақ жағын исенип тапсырдық. Еплеп алты ящик арақты жеткересең, обал-саўабы мойныңа. Ерназар қазан-табағың тайын ба, отын бар ма?

Күни менен гәпке араласпай отырған тойдың ийеси басын ийзеў менен болды.

— Кәримбай аға, қазан-табақлар тайын. Отын жағынан да ғам жемең, кеше азырақ тақтай ящик түсирдим. Жетеди.

— Ал, ондай болса басқа не жумыс қалды, — деди көше бийи. — Шала қалса айтың, мениңше болғаны



MA'LIMLEME RESURS ORAYI
9648
22485
ККАССР Республиканск. детская

шығар. Енди «әўмийин» етип тарқассақ қалай болады. Барлық жумыслар бөлистирилип берилди. Ертерек үйлеримизге барайық, ертең жумыс күни.

Усы ўақытта күтилмеген ўақыя жүз берди. Қапы тарсылдап ашылып, жасы биразларға барып қалған бир ҳаял көкбетлениўи менен жулқынып кирип келди.

— Ал, бул не шағал мәслик өзи? Бул не жыйын? Ҳәзир жол-жөнекей биреўден еситип киятырман, бул берейин деп атырған тойыңыздың мәсләҳәти қусайды. Солай ма?

Той берейин деп атырған жигит орнынан ушып турып, өзин қоярға жер табалмай қалды.

— Аўа, апа. Көптен бери нийет етип жүр едим.

— Ҳа, нийетиңниң тандыры шықсын. Қәйин журтың болған бизлер менен бир аўыз ойласқанда өлесең бе? Сен күйеў бала қай ўақытта да келе болмайсаң. Алдымыздан бир өткенде белиң бүкирейип, аяғың қырқылып қалатуғын ба еди? Я?

— Бирден тойға айта қояйық деп едик ғой!

— Енди терис айт,—деп қызды жаңағы ҳаял.—Сен сүмелек той берип билесең бе? Мына көзлери жаўтаңласып отырғанларда ҳеш нәрсе билмейди. Тек буларға ишип-жеп кетсе болды. Тойды қашанға белгилединңлер?

Күни менен бул ҳаялға таң қалып, оны тым-тырыс тыңлап отырған көше бийи ҳаялды зорға тынышландырды.

— Жеңге, сәл қаттырақ кетип атырған жоқсыз ба? Бул жердеги отырғанлар күйеў баланыздың қоңсы-қобалары боламыз. Тойды усы алдымыздағы шемби күнге белгиледик.

Ҳаял және шапшып түсип, сөйлеп кетти.

— Әне, айтпадым ба? Бәриңизде той берип билмейсиз. Ендиги шемби күни усы айдың 16 сы болады ғой. Усындай күни-әм адам той береме екен?

— Жеңге, сизиңше енди қай ўақытта той бериў керек?—деди көше бийи шыдамай.

— Бул жерде жыйналып отырған ҳәммеңизде еле қам сүт емген бала екенсиз. Той дегенди адамлар қай ўақытта айлықты алады, сол күнниң ертеңине туўрылап бериў керек. Сонда тойыңа көп адам қалмай, қысынбай келеди. Ал, сизлердиң той беретуғын күниңиз болса буған ҳеш туўры келмейди. Районларды билемиз, айлықты айдың аяқларына зорға береди. Бул күнлери

ауылдағы адамларда дурыслы пул жоқ, тағы еле өткен жылдың доходларын алған жоқ. Әне, той дегенди усындай ауыл адамларының доход күнлерине туўрылап бериў керек. Ал, сиз жаманлар той берип билемиз дейсиз-аў.

## ЕРКЕКЛЕРИҢИЗ СОРЛАП ҚАЛМАСЫН ДЕСЕҢИЗ...

Бәриңиздиң хабарыңыз бар, соңғы пайытлары барлық жерде қыткершилик деген гүжип кетти. Әсиресе, ҳаяларға қарағанда еркеклердиң маңлайы ашылмай сорлап қалды.

Бурын еркеклерге ҳәмме нәрсе жеткиликли қусаған еди. Арақ керек пе, сигарета керек пе, малақай керек пе, шалбар керек пе, бәри-бәри қәлеген дуканында таўтаў болып үйилип жататуғын еди. Ал, енди болса прилавкаларды үш баслы айдарҳа жалағандай дым жоқ. Буның себебин көпшилик бүгинги ҳүкимет басшыларының, қайта қурыў сиясатымыздың бәлеси деп жала жаўып отыр. Мен буған ҳасла қосылмайман. Булай деп ойлап жүргенлер саздың кесегин жепти. Усы бир жерде сизлерге бир сыр айтайын ба? Мениң ойлаўымда бар ғой, бул қыткершилик негизинен ҳаял-қызларымыздың өзлеринен болып отыр. Не ушын дейсиз бе? Мен буны дәлиллеп бериўге тайынман. Мәселен, қәдимги арақты алайық. Бурын, әйтеўир бир лареклерде ящик-ящик болып үйилип туратуғын ол неге бүгинги күни жоқ? Себеби, ҳаял-қызларымыз кейинги ўақытлары өгиздей арақ ишетуғын болып кетти. Ана күни айықтырыўханаға бир күнде еки дуканшы ҳаял, бир шаштәрез ҳаял және еки қыз мәс болып түсипти. Сөйтип усындайлардың кесиринен еркек бийшаралардың несийбеси қырық жеринен қырқылып атыр. Әне, соннан кейин еркеклерге арақ жете ме? Өмир аллада да жетпейди...ии!

Тағы ана темеки, яғный сигарета деген бәлени алайық. Ҳаў, өзлериңиз бир минут көзлериңизди жумып ойланып көриң. Бурын дуканларда ийт жемей «пашки-пашки» болып сарғайып жататуғын еди ғой. Ҳәтте, дуканшылар қайтымға қосып бергенде арман өзине қарай ылақтыратуғын едик. Ал, енди неге сол сигареталар жоқ? Себеби, бизиң айырым мода қуўған қызларымыз видео дегенди көрип алып, таса-таса жерлерде сигаре-

та тартатуғын болып кетти. Сонша қызлар шеккен соң, ол еркек пақырларға жете ме? Дымда жетпейди!

Яқшы, буларды да қоя турайық. Усы күнлери базарға шықсаң, зыр жууырып басына малақай излеп жүрген еркек киндиклерди көрип аяп кетесең. Бурын универмагтың екинши қабатында үйилип туратуғын норка, қундыз, басқа да малақайлар қаяққа кетти? Биз еркеклер билемиз, олардың қаяққа кетип атырғанын. Ҳеш алысқа кетип атырған жоқ. Оны билиу ушын көзиңди бақырайтып ашып бир кеңирек көшеге шығып көр. Я болмаса пайтахтымыздағы жалғыз жер асты өткелиниң аузында бир майдан турсаңда болады. Үш ҳаялдың биреуи, я еки қыздың биреуи тыржаң-тыржаң етип малақай кийип баратырғанын көресең. Ал, енди университет пенен пединститут бетлерди айтпай-ақ қояйық. Гилең малақай кийген қызлар оқып атыр десем лап болмайды. Бул-әм ҳеш гәп. Ана күни аэровокзалда бир ҳаял норка малақайы көзине түсип, бауырындағы баласын емизип отыр. Ҳау, қудай олардың басына тартатуғын жып-жыллы орамал дегенди шығарып қойған жоқ па? Неге соларды тартып жүре бермейди. Бийшара еркеклердиң малақайына неге асылады? Мине, усыннан кейин еркек бийшараларға малақай туқымы жете ме, өмирде жетпейди.

Ал, яқшы. Буларды қоя турайық. Усы айтыуға да дым қолайсыз-ау. Бизиң оныншы класста оқыйтуғын бала өткен жазда зыр жууырып «фирменный» шалбар табалмай бармаған жери жоқ. Әкеси болған мен де, анасы да, үшеулеп турып изледик. Бурын спорт дүканларда не бир түри туратуғын ол шалбарлар қаяққа кетти? Айтың, қаяққа кетти? Жер жутты ма? Яқ, ҳеш қандай жер жутқан жоқ. Бизлер билемиз олардың қаяққа кетип атырғанын. Жаздың күнлери автобусқа, я дем алыс паркине шық. Төрт қыздың биреуи қалталарына қолын тығып, не бир бөкселерин бүлкилдетип шалбар кийип баратырғанын көресең. Соннан кейин бизиң ер балаларымызға шалбар жете ме, сирә да жетпейди.

Мине, айланып кетейин ҳаял-қызлар. Еркеклерге көп нәрсе жетпей сорлап жүргенине тек сизлер айыплы екениңизге түсиндиңиз ғой. Енди сизлерге мәсләҳәтим, еркеклериңиз сорламасын десеңиз олардың затларына тийе гөрмеңлер. Олардың өзлери ишсин, өзлери шек-

ени, өзлери кийсин. Яқшыма усы шығарманы оқып болыўдан сөйте қояйық!

## ГҮБЕЛЕК САМСА

Штат қысқарыў.

Әне, усы бир еки түйир сөздиң мәнисин сизлерге түсиндирип отырмай ақ қояйын. Мен усыған илиндим де, жумыссыз қалдым. Бир мәкемелерге хабарласып көрип едим, бәриниң адамлары шоттың тасларындай түўел екен. Жумысқа адам керек емес қусайды. Ал, екинши бир мәкемелер өз адамларын қаяққа жайғастырарын билмей, бийшаралардың өзлериниң баслары қатып атырған болып шықты. Олардың өзлерин аяп шығып кеттим. Тек жумысқа орналастырыў бюросы ғана кеўлимди көтерип, хабар өзлеринен болатуғынын айтып, үй адресим менен телефон номеримди бир журналына жазып қалды.

Дүньяда кимге болса да жумыссызлық қыйын екен. Үйде ҳеш отырғым келмейди. Сөйтип жүргенимде бир достым ақыл берди.

— Кооператив асханаларға неге жолығып көрмейсең,—деди ол,—мүмкин оларда бир жумыстың рети болып қалар.

Бул ой расында да сирә басыма келмепти. Болмаса үйге жақын-ақ жерде еки үлкен кооператив асхана азаннан кешке дейин ислеп тур. Биреўиниң аты «Рәҳәт», ал екиншисиниң аты «Ләззет». Екеўиниң жарыспаққа таярлаған аўқатларының мазалылығы бир-биринен қалыспайды. Аўқатланыўшылары жүдә көп. Усылардың биреўине неге жолығып көрмеймен.

— Ҳе, сөйтип жумыссызбан, штатым қысқарып далада қалдым дейсең бе?—деди «Рәҳәт» кооператив асханасының семиз бир бас аспазы узақ ойланып.—Саған бала бизде қандай жумыстың рети бар екен?

— Бир ретлестириң, аға. Картошка қыршыў, пияз тууўраў, сүйек шабыў, бәри де қолымнан келеди.

—Бир жумыс бар, ислей аласаң ба?

— Ислеймен.

— Бирақ, бул ҳешкимге тис жарып айта бериўге болмайтуғын тек екеўимиздиң арамызда қупыя болып қалыўы тийис жумыс.

— Ол қандай жумыс, аға?—дедим мен қызықсынып.

Бас аспаз бул қандай жумыс екенин айтыўға бирден асыға қоймады. Әдеп, мени жақсылап турып аўқатландырды. Бир көк қағазлы шийшениң тығынын қағып таслап, жүз-жүз граммнан қақтық. Соң ол бир ўақытлары күлимсиреўи менен асханаларда болатуғын арнаўлы алюминий табақты көтерип кирди. Ишине үңилип, ҳайран қалдым. Онда еки түйир қаўынның шопағы жатырған еди.

— Буны не қыламан?—дедим мен аўызым ашылып.

— Әне, усы еки түйир шопақ пенен бир жумысты питкериўиң керек.

— Түсинбедим!

— Кейин түсинесең, иним. Әдеп жақсылап бир саўдаласып алайық. Кооператив деген тек пул менен жумыс апарады. Ал тилиңниң ушындағын айт. Мына ҳәр шопаққа қаншадан сорайсаң?

— Қаншадан сораған қалай?—дедим мен енди биротала естен айырылыўға сәл қалып.

— Неше сомнан сорайсаң деймен. Ҳәр шопаққа он сомнан, екеўине жигирма сом берсем бола ма?

— Мына еки түйир қаўын шопаққа ма?

— Аўа деймен!

Мениң буннан кейин таңланғанымнан тилим гүрмелмей қалды. Ҳаў, жигирма сомға төрт килограмм гөш сатып алыўға болады ғой. Ал, бул есаўан болса еки түйир қаўын шопаққа сонша ақшаны бермекши. Шамасы, бул бир ҳәзил болды. Мен де оған ҳәзилине ҳәзил менен жуўап бергеним мақул болар.

— Яқ, еле азлаў. Қосыңқыра!

—Онда ҳәр шопаққа он бес сомнан, екеўине отыз сом беремен!

— Еле де аз!

— Мәйли, олай болса ҳәр шопаққа жигирма бес сомнан, екеўине елиў сом беремен. Келистик пе? Бирақ, саған бул еки түйир шопаққа сонша пул қуры берилип атырған жоқ. Бул шопақлар менен не ислейтуғыныңды билип ал. Мына бизлерге жақын жердеги қоңсы «Ләззет» кооператив асханасын жақсы билесең. Талай оннан аўқатланғанда шығарсаң. Соның бас аспазын ийттиң етинен бетер жек көремен. Ол түни менен уйықламай, түрли-түрли мазалы миллий аўқатларды писиретуғын көринеди. Кейинги күнлери аўқатлаўышылар сол асханаға көбирек барғыш болып кетти. Соларды

шынын қалай болмасын қашырып, бизиң «Рәҳәт» кооператив асханасына келетуғын етиўимиз керек. Буған усы шопақларды пайдалана жақпыз. Әне, сол ушын сен маған керек болып турсаң.

* * *

Түске шамаласып қалған пайыт. Қойыў тереклердиң астына орналасқан «Ләззет» кооператив асханасында шынында да аўқатланыўшылар баршылық екен. Қалтамның түбинде жатырған еки түйир шопақты бир услап қойдым да, дым ҳеш нәрсени билмеген адамдай гезекке барып турдым. Бир қуўырма лагман алып, шетлеў столға барып отырдым. Соң көп узамай бирден шаўқым көтердим.

— Жолдаслар, бери келиң!

— Ҳс, не болып қалды?

Аўқатланып атырғанлар, аўқатланыўға гезекте турғанлар жаныма жетип келди. Мен оларға қуўырма лагманның ишиндеги, бағана өзиме ҳеш кимге билдирмей салып жиберген еки шопақты түртип көрсеттим.

— Мынаң қараң, усыннан кооператив асхана болды ма? Аўқат ишинде қаўынның шопағы не қылып жүр?

— Түсиникли, буларды пулдың пуўы көтере баслаған,—деди аўқатланыўшылардың бири қызып сөйлеп. Көрдиң бе, олар қаўынды жеп болып шопағын қазанға ылақтырады екен.

— Еле усылай бара берсе, аўқатымыздан пәлле де шығыўы мүмкин!

— Инсапсызлар!

Маған усы сөзлер керек еди. Орнымнан ушып турып, қасығымды стол үстине атып урдым.

— Мен бундай асханадан аўқатлана алмайман, кеттим!

— Қаяққа?

— Мына жерде «Рәҳәт» кооператив асханасы бар. Аўқатлары мазалы ҳәм таза таярланады. Соннан аўқатланғаным жақсы.

— Онда жүриң, бизлер де кеттик.

Бул күнги аўқаттап шопақ шығарыў жумысы ойлағанымыздай иске асырылды. Кооператив деген өз ўәдесинде турады екен. Бас аспаз ҳәр шопаққа жигирма бес сомнан, еки шопаққа елиў сомды санап берди. Аў-

қатланыўшылар енди «Ләззетти» қойып, «Рәҳәт» кооперативи асханасына қарай асығатуғын болды.

* * *

Арадан он бес күн өткен жоқ. Билмеймен, мен туўралы кимлердиң қулақ қағыс етип жүргенин. Бир күни «Ләззет» кооператив асханасының бас аспазы үйге машина жибертип, мени асханасына шақыртып алды.

— Иним, бизге де жәрдем қолыңызды созбасаң болмайды,—деди ол жүдә бир аянышлы түрге енип.—Өзиң де штатың қысқарып, жумыссыз жүрген қусайсаң. Мийнетиңди жақсылап баҳалаймыз. Ана күнги сен қуўырма лагманымыздан қаўын шопағын шығарып кеткели, аўқатланыўшылар асханамызға адым атқанды қойды.

— Онда мен не ислеўим керек?—дедим мен оны аяп.

— Олардың да аўқатынан бир нәрсе шығарып бер!

— Не шығарып бериўим керек?

— Тилепбай,—деди ол ишке қарай бақырып.—Бағанағыңды писирип болсаң алып кел.

Тилепбай дегени оның жәрдемши аспазы екен. Ол кепкир менен пуўы буркыраған бир самсаны алдына қойып кетти. Ыссылай ғана жемекши болып, қолымды соза бергеним бас аспаз шыр ете қалды.

Буны жеўге болмайды!

— Неге?

— Бул гүбелек самса!

Мен өз қулағыма өзим исенбедим. Түрли самса жеп көргенмен, бирақ бундай самса туўралы биринши еситиўим. «Гүбелек самса» дегенде болады ма екен?

— Буған сен таңланбай ақ қой,—деди бас аспаз мени бирден түсинип.—Бизлер буны арнаўлы түрде «Рәҳәт» кооператив асханасын бир жақсылап масқара етиў ушын таярладық. Бурынғы аўқатланыўшыларымды енди өзиме қайтарып алмағанша тынбайман. Сумлықты олардан өткермесем, бул жерде бас аспаз болып не қыламан. Мына гүбелек самса саў болса, еле ол асханаға бир адам да аяғын ийзеп баспайтуғын болады.

— Қо...я?

— Аўа. Бадай тоғайына бир адамымды еки күн қатнатып, арнаўлы түрде гүбелек услаттым. Онша көп емес, он гүбелек. Бирақ, тоғайдың көк гүбелеги деп

аталатуғын ең ашшы гүбелектен «аўлаттым». Бул сам-са сомнан таярланған. Буны не қылыў кереклигин өзиң жақсы билесең. Олар күн қуры емес, удайы қойдың қуйрық майынан самса писиреди. Ал енди келисип ала-быз. Кооператив дегениң тек пул менен жумыс апара-туғынын билесең. Ҳәр гүбелекке бес сомнан, бәрине елиў сом берсем бола ма?

— Бул пулыңа маймыл да ойнамайды,—дедим мен орнымнан турып.—Басқа бир аўыш адамды таўып ала қойын. Биреўлер әйтеўир бир түйир шопаққа жигирма бес сомнан берип атыр, ал сениң гүбелегиң болса және жанлы нәрсе.

— Онда ҳәр гүбелеке қаншадан сорайсаң?

— Бағанағының үстине және сондай қос.

— Келистик,—деди бас аспаз ҳеш қыйланбай.—Онда ҳәр гүбелекке он сомнан, бәрине жүз сом бере-мен.

* * *

«Рәҳәт» кооператив асханасының жазғы верандасын-да самса жеўшилер көпшилик екен. Мен де жай бир аўқатланыўшы қусап, алты дана самса сатып алдым. Қәдимгидей шетлеў столға отырып, самсаларды бирим-леп жей басладым. Соңғы биреўи қалған ўақтында ба-ғанағы өзим менен алып келген самсаның жанына қос-тым да, оны еки бөлип жиберип шаўқым көтердим.

— Жолдаслар, масқарашылық. Бери келиң!

— Не болып қалды?—деди үш-төрт адам жаныма топланып.

— Самсаның гөши шийки шықты ма?

— Яқ.

— Онда не шаўқым көтересең?

— Мынаң қараң, пул табыў ушын булар не исле-мейди дейсең. Бундай кооператив асханалардың бары-нан жоғы жақсы. Бизлер қойдың қуйрық майына писи-рилген самса емес, ал гүбелек самса жейди екенбиз!

— Оны ким айтты саған?

— Мине мына бир самсаның ишиндеги толған гү-белеклерди қараң!—дедим мен самсаның ишинен шық-қан бийшара гүбелеклерди стол үстине дизип қойып.

«Рәҳәт» кооперативи асханасының бас аспасы көз-

лери аларыӯы менен жуӯырып келди. Ҳәмме оған тур пайы сөзлер менен алып топылды.

— Сизлерде инсап жо...ққ!

— Тапқаныңыз бала-шағаңызға буйырмағай. Гүбелек самса писиреди екенсиз ғой!

— Кооператив тек пул тапса болғаны, еле бара-бара бул барысынан шымшық пенен қара қоңыздан да самса писиреди!

— Жолдаслар асықпаң—деди бас аспаз бир уақытлары мени таныл қалып.—Сизлер рас ақ усы гүбелек самсаны мен писирди деп ойлайсыз ба?

— Ауа. Енди сен писирмей ийт писирди ме?

— Буны ҳәзир тексерип билемиз. Бизлер-әм қурыдан қуры аспаз болып жүрген жоқпыз. Мен өзимниң ҳәр бүккен самсама белги салып жиберип атырман. Мине, исенбесеңиз көриң. Мына астындағы «Р» белгиси барлар, бизиң «Рәҳәт» кооператив асханасында пискен самсалар!

Ол ҳәмминиң алдындағы самсаларды тексерип, астындағы белгилерин көрсете баслады. Бундай сум бас аспазды биринши көриӯим. Олардың бәринде де белги бар екен.

— Ал енди бери келиң,—деди ол писken гелледей ыржыйып.—Мына гүбелек самсаның астын көрейик.

Мениң алдымдағы ғүбелек самсаның астынан бундай белги табылмады. Аӯқатланыӯшылар енди маған гүманлана жалт қарасты.

— Бул жиғитти жақсы билемен,—деди бас аспаз билегимнен қатты услап.—Өзи жумыссыз, усындай жаман ислер менен шуғылланып, буны кәсип етип алған. Бизлерге де бир уақытлары хызмет етти. Ол бул самсаны басқа жақта арнаӯлы түрде писирип келген. Сөйтип шаӯқым салып, сизлердей уллы аӯқатланыӯшыларымызды бизиң кооператив асханамыздан қашырмақшы!

Аӯқатланыӯшылардың бәри енди маған ғәзеп көзлерин тикти. Ишиндеги ири биреӯи көк желкемнен услап, столыма қайта отырғызды. Соң ол дөгерегимдегилерге қарап турып:

— Жолдаслар, мениң басыма бир ой келип тур, бул гүбелек самсаны зая қылмасақ қалай болады?—деди.

— Онда не қыламыз?

—Усы жигиттиң өзине жегизейик!!!

— Дурыс!

— Дурыс, айтасаң. Өзи мийнет етип әкелген екен, өзи жесин!!!

— Усыннан жемей көрсин,—деди және биреуи жең түрипип,—Бәримиз оны жүндей түтип сабап, сыртқа шалқтырып таслаймыз.

Гүбелек самсаға «тойып» үйге киргеним сол, дәлиздеги телефон шыңғыр ете қалды. Қудайым, бул жумысқа орналастырыў бюросынан болғай дә!...

## ЖОҚ БОЛЫП КЕТКЕН МӘКЕМЕ

Ҳәкимнияз ғарры бүгин ерте турды. Азанғы шайынды ишпей, тек бет-қолын жеңил-желпи жыллы суўға шайды да, таяғын таянып жолға шықты. Ол бир ҳәптеден бери бурын бир уақытлары ислеп кеткен мәкемесин излеў менен әўере.

Мине, ол күндеги жолы менен жүрип үлкен бир бәндиргиниң тусына келип тоқтады. Бул жерде автобус күтип турған жолаўшылар көпшилик екен. Ғарры тәўекел етип булардың биреўинен излеп жүрген мәкемесин сорап көрмекши болды да:

— Қарағым, сеннен бир нәрсе сорасам,—деди ол бир муртлы жигитти шетлеў шығарып.

— Сораң, ата!

— Мына бир мәкемениң қаяқта екенин билмейсең бе?—деди ғарры оған тилдей қағазды усынып.—Мен бунда буннан көп жыл бурын рабочий болып ислеп едим. Соған справка алайын десем, бул мәкеме ҳеш жерде жоқ.

— Бул справканы не қыласыз, ата?

— Пенсияға шықпақшы болып, документ жыйнап атыр едим. Соған керек болып тур.

— Түсиникли, ата,—деди жигит күлимсиреп,—қәне, ол мәкемениң атын оқып көрейик. Так, ПМК-99. Мен буны қаяқта еситип едим. Ҳе, жаңа ядыма түсти. Ата, бул ПМК—99 буннан көп жыллар бурын аўыл хожалығы министрлигине қарайтуғын еди.

— Берекет тап, аўа қарағым. Сол аўыл хожалығы министрлиги деген жерди көрсет. Мен барып ғана справкамды алып қайтайын.

Жигит мырс етип күлип жиберди. Соң ғаррыға түсиндире баслады.

— Ата, ол аўыл хожалығы министрлигиниң саплас-тырылғаны қашшан. Ол «Госагропром» болып, жаңағы ПМҚ—99 дегениң «Узремдорпроект»тиң қараўына өтип кетти. Усы мәкемени билетуғынлардан сораң!

Усы пайытта жолаўшылардың ишине және бир жас жигит сөзге араласты.

— Ата, мен «Узремдорпроект» те көп ўақыт исле-дим ғой. Сизге не керек еди?

— Қарағым, онда жақсы болды. Мына қағаздағы жазылған мәкеме керек.

— Ата, бул ПМҚ—99 дегениң сол жылы ПМҚ—103 ке қосылып, бизлердиң қараўымызда бир жылдай-ақ болды. Соң ол «Қарақалпақдамбастрой» бирлеспесине өткерилип жиберилди!

— Теңиз, дәрья қурғап атыр. Дамба үйетуғын да еле бирлеспе барма еди. Онда соған барайын ба?

— Соған барың.

— Бунның пайдасы жоқ,—деи буларға көз әйнекли және биреў араласып.—Ата, мен бул бирлеспеде бир жыл мастер болып иследим. Ол ПМҚ—103 иң қашшан «Қарақалпақсовхозстрой» трестине өткерилди!

— Онда қыйын болды ғой. Маған усы трестти көр-сетип жибермейсиз бе, мен барайын!

— Ата, бул тресттиң де аты қашшан өзгерди ғой,— деди бир дипломат көтерип турған жигит.—Ҳәзир ол «Аралводстрой» трестине айланды. Бирақ, онда ол ПМҚ 103 дегениң жоқ!

— Ол қаяққа кеткен екен?

— Ол ПМҚ 103 ке ҳеш қурылыс материалы жет-пей таратылып, ПМҚ—72 ге қосылып кетти. Жақында бул ПМҚ 72 де «Қарақалпақресагрострой» бирлеспе-сине өткерилди. Енди соны излеп көресиз.

Ғарры бийшара маңлайындағы муздай терди сыпы-рып атырып сөйледи.

— Бул тилимде айланбайтуғын мәкеме екен. Буны айтқаның жақсы болды, бала. Ол қай жерде?

Усы ўақытта бир шетте турған бир семиз, узын бой-лы келиншек бир наз етиўи менен сөзге араласты.

— Ата, оған барып қуры ҳәлекке қаласаң!

— Ҳаў, неге? Мен соншама жыл рабочий болып ислe-сем, Жалғасбай деген ПМҚ начальнигимиз бар еди.

— Ата, сол Жалғасбай дегениң ПМҚ-72 ни бирота-ла отырғызып, көп пулын жеп судланып кетти. Соң

оның аяғын жабыў ушын екиге бөлип жиберди. Бир бөлегин билмеймен, ал екинши бөлеги киширек участка болып жер алып атыр еди, вагон кеңсесине жасын түсип от тийди!

— Қурып қалған екен ғой. Жасын тап соған түсе қойған екен. Адам аман ба, әйтеўир?

— Аман. Сөйтип ол ҳеш документсиз мөрсиз қалып, кейиннен бул участканы Минводхоз СССР ға қарасլы ПМҚ-117 қосып жиберди.

— Маңлайым қурып қалды ғой. Сөйтип онда бул ПМҚ-117 ның кеңсесин қаяқтан табаман?

— Ата, ол да ана күни сапластырылды. Сөйтип оннан үлкен бир участка қалып еди, ол «Прогресс» деген өндирислик кооперативке айланып кетти.

— Ўәй, маңлайым-аў, — деди ғарры аўыр гүрсинип.

— Мен енди бул мәкемени қалай табаман? Басқаларыңыздың хабарың жоқ па?

Бирақ бул ғаррының сөзин жолаўшылар еситпей қалды. Ҳәмме келип қалған автобусқа умтылды. Тек ғаррының бир өзи ғана жоқ болып кеткен мәкемесин ойлаўы менен сол жерде отырып қалды.

## ДИЗИМ

Соңғы үш-төрт жыллықта жоқарғы ҳәм орта оқыў орынларына түсиў деген қыямет болып кетти. Усы жәриялылық дәўиринде, биз несине жасырамыз. Айырым бул оқыў орынларында алдын-ала жасырын дизим таярланатуғын болып кетти. Әне, усы дизимге бир қәтере, ямаса басқа бир жоллар менен кирип қалсаң қалғаның. Соң өзиңди оқыўға кирдим деп қоя бер. Ал, киреалмасаң өзиңе өкпеле. Аўылыңа чемоданыңды көтерип, еки бармағыңды мурныңа тығыўың менен «жығылып» қайта бересең.

Сонда да үмитти үзбеўиң керек екен. Базда өзиңше излeнсең бул дизимге илинбей-ақ оқыўға түсиў жолы табылады екен. Тек бул ушын азырақ тентекшилик ислеўиң шәрт. Мәселен, мен усы жол менен неше жыллдан бери киреалмай жүрген техникумыма ап-аңсат ғана кирип алдым. Буған сизлер таң қалысып: «ол бала қандай тентекшилк жол?» деп сорап қоймайсыз ғой. Сизлерге буны бастан айтып бергеним мақул болар.

...Техникум. Қәдимги баса-бас кириў имтиханлары алынып атырылған пайыт. Менде жылда жығылып жүрген ғарры абитуриентлердиң бири болып, биринши аўызша имтиханыма жүрегим шәўкилдеп кирдим.

Кишкене аудиторияның ишинде кириў имтиханларын алып атырған екеў екен. Алдыларына отырған бир абитуриент қызға «баҳаң төмен, қарындасым» деп турғызып жиберди де, соң биреўиниң көзи маған түсти.

— Тағы бир таза абитуриент ишке кирипти ғой, бала фамилияң ким?

— Өтемуратов Боранбай!

— Қыстың қақаман суўығында, боран күни туўылған бала екенсең ғой,—деп ҳәзиллести мениң менен екинши имтихан алыўшы.—Ҳә, қәне, берманырақ келип билет ал.

Мен стол үстиндеги тасланған билетлерге көз жуўыртып, ортарағындағы биреўине «пәнже» урдым.

— Хош, нешинши билет екен?

— Отыз биринши билет!

— Болады, жазып алдық,—деди ол алдындағы бир қағазға билет номерин түртип алып.—Сен енди ана бос орынға барып таярлана бер.

Мен билеттеги сораўларға көз жуўыртып болып, қуўанғанымнан жығылып кетиўге сәл қалдым. Үшеўи де мен билетуғын, қайта-қайта оқыўдың күши менен яд болып кеткен темалар еди. Тап усы таярланып ҳәлекке қалыўдың кереги жоқ, бәриниң жуўаплары басымда сайрап тур. Мен көп ойланып турмай, ғырра изиме айландым.

— Абитуриент Өтемуратов, сиз неге ойланып қалдыңыз? Басқа билет бериўге ҳақымыз жоқ. Я болмаса сораўларың түсиниксиз бе?

—Яқ, муғаллим. Билеттеги үш сораўға да ҳәзир бирден жуўап берип жиберe ғояйын деп едим!

— Таярланбай-ақ па?

— Аўа.

Еки имтихан алыўшы ийинлерин қысысып, бир-бирине узақ қарасып алды. Соң бағанағы биринши имтихан алыўшы күлимсиреди.

— Ондай болса, келиң. Бизиң техникумға да сен қусаған күшли абитуриентлер керек. Ертең киргеннен кейин буның оқыў дегени де бар!

Мен олардың алдына арқайын барып отырдым. Биринши сораўды иркилмей тақылдап айта басладым.

— Екинши сораўға көш!

Бул екинши сораўды да айтып тасладым. Мысаллар келтирип, пүтин биротала келистирдим. Олар бир бирине таң қалысыўы менен үсти-үстине қарасып, мени зорға тоқтатып алды.

— Үшинши сораўға көше ғой!

Үшинши сораў жазба түрде, қоспа гәплерди таллаў еди. Буны да «семешка шаққандай» етип таллап-таллап тасладым. Олар сонша үңилсе де ҳеш қәтемди таба алмады.

— Ҳм...им! Сөйтип үш сораўға жуўап бердим дейсиң. Жаңа фамилиям ким дегендей болып едиң?

— Өтемуратов Боранбай!

Биринши имтихан алыўшы көз әйнегин бир дүзиўлеп қойып, әсте кейин шалқайды. Соң қолының астындағы қандай да бир қағаздағы дизимге бармағын жуўыртып үңиле баслады. Ишим «ғым» ете қалды. «Тағы да тамам болған жерим усы шығар. Қәдимги жылдағы «дизимге қараў» деген басланды. Ол оннан мениң фамилиямды излеп атыр. Әне, еле саған аңсат билет түскени менен кейнинен усындайы бар. Олар және жығып жиберсе, бул техникумнан төртинши мәрте жығылып қайтқаным болады. Бул ретте басыма усы дизим деген бәле жететуғын болды-аў».

— Ҳим, сөйтип Өтемуратовпан дейсең!—Имтихан алыўшы күни менен үңилген қағазынан басын ашыўлы көтерди.—Кириў имтиханына жақсы таярланбай келипсең. Бул саған мектеп емес, техникум деген. Билетиңдеги үш сораўға да шалама-шекки жуўап берген болдың. Мен сизиң жуўапларыңызға толық қанаатлана алмадым.

Мен бул әдалатсызлыққа шыдамай сөйлеп қоя бердим. Гейде усындай пайытта тентекшилигим оянады, ең болмаса айтысып кетейин.

— Ҳаў, муғаллим! Сиз рас айтып турсыз ба? Мен бәрине толық жуўап бердим ғой!

— Толық жуўап бердиң бе, я толық жуўап бермедиң бе, оны өзлеримиз баҳалаймыз. Солай ма, Нурым Тилеўбаевич!

Ол жанындағы ширенип кийинип алған екинши им-

тихан алыўшыға күлимсиреп қарады. Ал, ол болса буны мақуллаў менен болды.

— Мен де жуўапларынан мәнили бир нәрсе алалмадым. Бул бала ендиги жылы жақсылап таярланып келсе ,тап өзим жәрдем берип жиберер едим.

— Түсиникли, бәри түсиникли болды!—дедим мен шыр-пыр етип.

— Не түсиникли болды?

— Сиз маған ҳәзир қалай болмасын төмен баҳа қойып жығып жибериў нийетиндесиз. Болмаса, мен билеттеги барлық сораўларға жуўап бердим. Себеби, ана қол астыңыздағы «Дизим»де фамилиям болмай шықты. Мен усы дизимниң себебинен жылда сизлерден жығылып жүрмен!

Биринши имтихан алыўшы ашыўдан түтеп кетти. Дирилдеп орнынан ушып турды.

—Не, не дейсең?—Ол қол астындағы мен гуманланған қағазды бир шетке ысырыңқырап қойды.—Сиз бүйтип имтихан алыўшылардың жағасынан алыўға уялмайсыз ба? Қаяқтағы бир «дизим» туўралы айтасаң. Бул ҳешқандай дизим емес, басқа бир қағаз.

— Яқ, тап дизим!

— Болды, турың орныңыздан. Кириў имтиханын алыўшыға наҳақтан жала жапқаныңыз ушын баҳаң төмен болады. Ендиги жылға дейин кете берсең болады!

Усы пайытта мен күтилмеген бир батырлық пенен тентекшиликке қол урдым. Еки бастан «жығылып» баратырман. Халқымызда «жатып қалғанша, атып қал» деген сөз бар. Жаңағы бир шетке қойылған дизимге бас салып, сыртқа қарай ала қаштым. Бурын бундай бәлени көрмеген еки имтихан алыўшы көзлери аларысып изимнен тура жуўырды.

— Услаң, услаң ана абитуриентти!

Дәлиз таўсыла берген жерде алдымнан алтын көз әйнекли техникумның директоры шығып қалып, бир шетке зорға каймығып үлгердим. Ол изимдеги екеўи менен дүгисип қалды.

— Кириў имтиханы пайытында бул не шаўқым?—деди ол жаңағы екеўи менен сөйлесип.—Ана абитуриент неге қашып баратыр?

—Масқара болдық, масқара. Сиз берген дизимнен айырылдық. Ана жүўернемек абитуриент бала алып қашты.

— Не дейди?! Қуўын, онда изинен!

Мен аўыздағы гезекши студенттиң жанынан аман-саў услатпай өтип, техникум бағына қарай қаштым. Бир киширек көпирден, еки салмадан атлап өттим. Артыма ара-тура қарап қояман, жаңағылар ҳеш қалар емес. Әсиресе, ең изимде қалған техникум директорын ишимнен қатты аяп кеттим. Маңлайында моншақ-моншақ тер,. көйлеклериниң сәдеплери қалай болса солай жаздырылып кеткен. Сонда да пысылдап жуўырып киятыр. Мен ҳәр бурылып қараған сайын «тоқта, тоқта» дегендей қоларын сермеп қояды.

Мен болсам тоқтайтуғын емеспен. Ҳәўиз бетке карай қаштым. Бул ҳәўизди айланып қашып жүрип өзимде, издегилер де халықлап болдырдық. Олардың даўыслары, дем алыслары анық еситиле баслады.

— Иним, иним, тоқтай ғой!

— Тоқтамайман!

— Абитуриент Өтемуратов, тоқта деймен. Бизлерди мына дуйым журтқа масқара қылатуғын болдың. Бир минут сөйлесейик!

— Яқ, болмайды!—дедим мен тилим аўызыма тығылып.—Бул дизимди тийисли орынларға жеткеремен.

— Сен өйтпе, иним. Буннан сен ҳеш пайда табалмайсаң. Сол тийисли орынларыңның балалары да сол қолыңдағы дизимде. Оннан гөри келисейик!

— Келискени қалай?—дедим мен теримди сыпырып.

— Сол дизимниң кейнине өзиңниң фамилияңды тиркеп жиберейик. Бул дизимге илинсең, техникумға кирдим деп қоя бер!

— Алдамайсыз ба?

— Яқ, алдамаймыз. Арамыздағы техникум директоры да буған қайыл. Бизлер бир сөзли адамлармыз!

Олар расында да бир сөзли адамлар болып шықты. Мен бул қайсы техникум екенин айтпай-ақ қояйын, усы күнлери сонда оқып атырман.

...Мине, мен айтайын деген оқыўға түсиўдиң бир тентекшилик жолы. Быйыл оқыўдан жығылып қалған абитуриентлер қапа болмаңлар. Келеси жылы сизлердиң аңлығаныңыз усындай дизим болсын. Сәл бир жерде бар екени билгендей болсаңыз, мен қусап сыртқа ала қашың.

## МӘЖИЛИСТЕН СОҢ

Районлық типография директорының кең кабинетинде газеттеги өндирислик мәжилис басланыўдың алдында тур. Директор орнынан турып, келгенлерди түўеллей баслады.

— Ҳәмме толық келип болды ма?

— Ҳәрип териўши Айша жеңгей келмей атыр.

Типография директорының жанында отырған профком буған күйип-писип қалды.

— Ҳаў, оның бул жыйналыстан хабары бар еди ғой. Өз аўызым менен барып айттым, неге келмей атыр екен?

—Яқшы, ол келип қалар!—Типография директоры алдындағы бир қағазларды тәртиплеп атырып сөйледи.—Олсыз-ақ жыйналысты баслап жиберейик. Бир жумыслары болып атырған шығар. Ҳәзир сол жеңгеңниң өзи критикаланайын деп тур. Ал, Жумамурат сеннен басқа ҳешкимниң қолайы жоқ. Протоколды сен жаз!

— Болады, ага!—Профкомның жәрдемшиси орнынан ушып турып, қайтып отырды.

— Ал, онда жыйналысты басладық!—Типография директоры бир жөткиринип алып доклад жасаўға киристи.—Қәдирли, жолдаслар. Бизиң районлық типографиямыз өткен жылдың планын 101 процентке орынлады. Бул улыўма жаман көрсеткиш емес. Буннан да артық орынлаўға болатуғын еди, бирақ мәкемелерден заказлар аз келип түсиўине байланыслы ҳәм қағаздың қытшылығына байланыслы турып қалған күнлеримиз болды.

Типографиямыз негизинен районлық газетамызды басып шығарады. Әне, усы газетаның материалларын териўде ҳәрип териўши Айша жеңгемиз өз жумысларын қайта қуралмай атыр. Кеше профкомның ағзалары менен оның терген материалларын бир қатар көрип шықтық. «Арендашы шарўалар» деген материалдан қаншама қәтелер жиберген дейсиз. Әттең, өзи бул мәжилисте болмай тур. Сонда да айта берейик. Ол усы материалда «жаз келди» деген жерди, «ғаз келди» деп терген. «Шабақ» деген сөзди, «қабақ», «кемпир» деген сөзди, «жемпир» деп терип жиберген. Буннан басқа сол күни терген екинши «Бизге жазған едиңиз» деген

материалы да патырат. Онда «ой» деген сөзди, «қой» деп, «кешки ўақыт» деген сөзди, «ешки ўақыт» «ерке» деген сөзди «серке» деп терип жиберген. Ҳаў, жолдаслар аў, «Ерке» менен «серке» деген сөзлердиң арасы аспан менен жердей ғой.

Тағы буннан басқа өткен химиклер күнине арналған «районымыздың ақсақалы» деген төрт бетлик материалды тергенде де көп қәтелер жиберип қойған. Мынаң қараң, булардың астын сызып қойыппан. «Қара» деген оригинальдағы сөзди «пара» деп терип жиберген. Тағы «ақша» деген сөзди «шақша» деп, «бақырды» деген сөзди «шақырды» деп, «ат» деген сөзди «мат» деп, «пәшек» деген сөзди «ешек» деп, «буйрық» деген сөзди «қуйрық» деп терип жиберген. Булар уят емес пе? Айша жеңгейдиң өзи болғанда қатып кетер еди.

Усы пайытта күтилмеген ўақыя жүз берди. Қапы ашылып, күни менен бул жерде критикаланып атырған Айша жеңгей кирип келди.

—Ал, мен мәжилисиңизге кешигип қалдым-аў. Анаў-мынаў таярлықлар менен қолым босамай қалды. Бүгинлери қонақ күтиў деген қыйын болып кетти.

Типография директоры оған бос орынды көрсетип, сәл мыйығынан тартып сөйледи

— Отырыңыз жеңгей. Бизлер сиз жоқ болсаңыз да сыртыңыздан қатты орынлы критикалар айттық. Буған кеширим сораймыз. Енди жеңге жумысыңызды қайта қурмасаң болмайды. Редакция бизлерге материалларымызды қәте тереди деп үсти-үстине рапорт берип атыр.

— Болады, ендигиден былай қәте термеймиз. Гейде базы бир ҳәриплер түспей қала береди. Соннан кейин айырым сөзлерди көзимде иле бермейди. Бәри соннан ғой. Ал, мәжилисиңиз тамам болды ма?

Типография директоры қағазларын тақлай баслады.—Аўа, тамам болған есабы. Ал, Айша бағанағы ойласықты ҳәммеге айта берейин бе?

— Айта бериң, биз күни менен соның таярлығында жүрмиз ғой!

— Ал жолдаслар онда мәжилисимиз усының менен тамам. Бирақ, ҳәзир ҳеш қайсыңыз ҳеш жаққа тарқаспайсыз. Мына, күни менен бул жерде критикаланып

отырған Айша жеңгей үйине шайға мирәт етип отыр. Айша жеңгей солай ма?

— Ауа. Бир жыллаған түйетауығым бар еди. Соны жеп кетесиз. Бәриңизди үйге мирәт етемен.

Усылайынша бул өндирислик мәжилис тамам болды. Ҳәмме тезирек түйетауық жеў ушын ғауырласып сыртқа шыға баслады. Тек бүгинги мәжилистиң протоколын жазып отырған Жумамурат ғана шыр-пыры шықты.

—Жолдасбай аға, мына протокол питпей қалды ғой,—деди ол типография директорының алдына келип.—Сөйлеўшилер дым аз болды. Тек өзиңиз ғана сөйлединиз.

Типография директоры мырс етип күлди ҳәм оның қолтығынан алды.

—Пай, иним еле жассаң-аў. Протоколыңды алып жүре бер. Сол жеңгеңниң үйинде түйетауығын жеп отырып, тағы үш-төрт адамды шығып сөйлеген етип жазамызда жиберемиз. Бул қолда турған нәрсе ғой. Жүр, сырттағы машинадан қалып қоймайы...ққ!

## МОНТЕРДЫҢ МОНОЛОГИ

Ассалаўма-алейкум заманласлар! Мени танымайтуғын шығарсыз. Мен қәдимги «Күйик көпир»деги Қалбай монтерман ғой. Совхозды қашшан қойдық. Усы күнлери қаладамыз. Буған таңланбай-ақ қойың. Совхозымызда қайта қурыў деген басланып, монтерлықтың мазасы қашты да, ақыры қалаға көшип тындым.

Пай несин айтасаң. Бир ўақытлары монтерлардың заманы болды-аў. Әсиресе, ана тубалаўшылық жыллары, темиршиниң көригиндей гүрледик. Монтер деген совхозымызда парткомнан кейин тилге алынып жүрди. Директорымыз ийек қағып, сәлем берип өтетуғын еди. Ҳәр той-мерекеден туппа-туўры тележка менен бизиң үйге «молла пай» дегендей «монтер пай» жиберилетуғын еди.

Қулласы кимсең, Қалбай монтер болдық. Қайсы жылы еди-аў, 1981-жылма еди, 82-жылма еди-аў. Совхозымыздағы Өтебай дүканшы сүннет той берди ғой. Ой, жаман. Бизге «монтер пай» жибермепти. Әне, сонда тамаша болды. Қонақлары енди ортаға табақты ала бергенде «замыкание» деп совхоздың бар светин өшир-

дим де таслладым ғой. Соннан бәри келип жалынды. Тыңламадым. Ауылдың жасы үлкени Нуржан ағаға дебиш араға түсти-аў. Тыңламадым. Таң алдында трансформаторды жортаға узақ ремонтлаған болып, зорға жақтым.

Күлемен-аў, еки жылдан кейин усы Өтебай дүкан шы келин түсирип және той берди. Бийшараның көзи қатты қорқып қалыпты. Тойдан бир күн бурын қарасам, үйдиң жанындағы транспорматорға бир ылақлы ешкини «монтер пай» деп байлап кетипти.

Тийе берсин Хожабай арақ ишип суўға кетип өлгенде де бир баса-бас болды. Оның кишкентай баласы бизиң бала менен ойнап жүрип «Әкең монтер болғанға мақтан ба?» деп урып, мурнын даладай қан етип жиберипти. Ашыў не қылдырмайды, өлиге де қараганым жоқ. Транспорматорға бардым да, светти өширип таслладым. Соннан ол үйде баса бас болған. Қараңғыда талай аяқ кийимлер аўмасқан, биреўдиң кийимин биреў кийип кеткен. Мәпириўза кемпир үйиндеги қонақларға таза сорпа деп, бир табақ жуўындыны апарған. Қыдырбай қараңғыда көрмей, қазантабақты жалаўға келген ийт шығар деп, далада отырған Өтен молланы кесеклеген. Қулласы көп қызық болған-аў...

Булар-әм ҳеш гәп. Өзимиздиң қатнасып отырған аталас ағайинимиз Аллабай қыйсықтың тойы болған күни де бир патырат болды. Ҳаялым бийшара тойда азаннан кешке дейин тик аяғынан хызмет етип, 60 сом ақша жаздырып, үйге келген соң дастурханын ашып қараса, еки метр үстине май тамған жаман атлас салыпты. Ҳаялым буған күйип-писип, «Бар, өшир светти!» деп жиберди. Ҳаял айтқан соң жан барма? Бардым да совхоздың барлық светин өширдим де таслладым. Рабочком бала үйге шыр-пыры шығып жуўырып келип еди: «Монтердың ҳаялы не адамның қоры ма, неге дастурханын дурыслап салып жибермейсиз?» дедим. Бир ўақытта дастурхан басында турған «пасом» ҳаял 3 метр гүли кремплин, маған бир узын жеңли көйлекти газитке орап әкелип тур. Соннан кейин барып светти жақтым.

Енди бул күнлер айланып келмейтуғын шығар-аў. Пай, ол бир еске алған сайын кеўлиң көтерилетуғын татлы күнлер еди ғой.

Ал, енди мениң қалаға көшип келгендеги аўҳалымды сораң. Бул қалада да жаман емеспен. Қалбай монтер бул жақта да жолын тапты. Шеригим, Таўбай монтер деген екеўимиз ара-тура «левый» басып турамыз. Ол қандай «левый» дейсиз ғой, ап-аңсат. Екеўимизде де қалалық электр тармақлары тараўында монтер болып ислейди деген қызыл книжка бар. Усы книжка менен қаланың шетлеў бетиндеги бир көшедеги үйлерге барып, бир шеттен баслап үйлердиң счетчиклерин тексере баслайман. Биреўлер еки ай, биреўлери үш ай, биреўлери төрт-бес ай төлемеген болып шығады. Усы үйлердиң қанша жалынғанына қарамай светлерин қыйып кете беремен. Солай етип көшениң ақырына дейин қырықлаған үйди қырқаман да өз жолыма түсип кетемен. Арадан ярым саат өтпейди. Бул көшеден велосипединиң артына ағашқа өрмелейтуғын темирлерин тийеп, жортаға ҳеш нәрсе билмегендей болып бизиң шерик Таўбай монтер өтеди. Светлери өшип, албырап турған адамлар «қудай айдап келген» тайын монтерды көрип жалына баслайды.

— Иним берекет табың. Бир инсапсыз монтер қыйып кетти. Жалғап берип кетиң!

— Иним жалғап береғойсаңо, бүгин телевизорда жақсы кино көрсететуғын еди!

Қулласы, бәри оған жалынып, үй басына он сомнан ақша жыйнап береди. Таўбай сөйтип бағанағы мен қыйып кеткен светлерди қайтадан жалғап шығады. Көп узамай ол үйге бир қысым пулды алып келеди. Соннан қурамыз шағал мәсликти!

...Қой, мен кеттим. Тағы бир көшеге «левый» ислеўге баратырман. Көп узамай изимнен Таўбай монтер жетеди. Айтпақшы, мен сизлерге бар сырымды айтып қойыппан-аў. Буларды тисиңизден шығарагөрмең, болмаса бизлер қармаққа илинип қалармыз.

## ХАТ

Жақында газетада мениң бир гүрриңим басылып шығып еди. Көп узамай усы гүрриңиме алыстағы шарўа аўылларының биринде жамбас муғаллим болып ислейтуғын. Т. Таўбаев деген нен жети бетлик

... келип түсти. Мен бул хаттың бир жеринде өзгертпестен жәриялаўды мақул көрдим.

«Хүрметли жас жазыўшы Т. Рахматуллаев!»—деп басланыпты бул хат.—Сизиң «Әрман» газетасында жәрияланған «Өмир көпири» атлы гүрриңиңизди үш мәрте оқып шықтым. Зор гүрриң екен, ол көп нәрселерди өз ишине қамтыпты. Улыўма еринбей санап шықтым. Гүрриң барлығы болып 209 жай гәп, 117 қоспа гәп, 78 дизбекли қоспа гәптен шеберлик пенен қуралыпты.

Сизиң гүрриң жазыўдағы шеберлигиңизге таң қалдым. Бул кишкене ғана гүрриңдеги гәплерди көзди жумып отырып атлық, келбетлик, санлық, алмасық, фейил ҳәм көмекши сөзлерге айырып таслаўға бола береди екен. Тек еки жерде ғана бир толықлаўыш пенен анықлаўыштың орны аўмасып кетипти. Қалғанлары өз орынларында. Бирақ, бетке айтқанның айыбы жоқ. Фейил сөзлерди дым аямай қоллана берипсең. Усыған қарағанда сизлерге фейил сөзлерге гонарар, яғный ақша көбирек төленетуғын болса керек. Усы жас басыңыздан дүнья изин қуўмаўға кеңес беремиз.

Бул гүрриңди жазарда сиз алфавиттеги барлық ҳәриплерден пайдаланып жүдә дурыс еткенсиз. Еринбей отырып санап шықтым. Сиз 642 «А» ҳәрибин, 512 «Б» ҳәрибин 214 «Д» ҳәрибин, 243 «Е» ҳәрибин, 106 «Т» ҳәрибин қолланыпсыз. Ал, басқа ҳәриплерде буннан қалыспайды. Бирақ, сиз «Вогон» дегенде келетуғын «В» ҳәрибин дым аз қолланыпсыз. Бул дурыс емес, бүйтип бул ҳәрипти шетлетиўге болмайды. Усыннан «В» ҳәриби тири жан болғанда, «мени неге аз қолланасаң» деп маңлайыңның ортасына урған болар еди.

Буннан басқа тағы бир «сырың» ашылып қалды. Қандай да бир жумбақ себеплер менен сиз бул гүрриңизде «Т» ҳәм «Р» ҳәрибин ҳәдден тыс көбирек қолланып жибергенсиз. Бул сизиң атызың «Т», фамилияңыздың «Р» ҳәриплеринен басланатуғынынан болса керек. Бүйтип сиз өз ҳәриплериңизди пропагандалаўдан қашыўыңыз керек.

Буннан басқа ҳәриплер жөниде және бир айтатуғынымыз бар. Буны көпшилик жаслар биле бермейди. Соңғы ўақытлары жас жазыўшылар соның ишин-

де сизде өз шығармаларыңыздың пәтли болып шығыўы ушын, қолдан келсе даўыслы болған «а», «о», «е», «е» ҳәриплерин көбирек пайдаланыўың керек. Ал, сиз бул гүрриңиңизде керисинше даўыссыз ҳәриплерден ҳәдден тыс көп пайдаланып жибергенсиз. Усы нәрсе гүрриңниң қунын төмен түсирип тур. Даўыссыз ҳәрип ҳеш ўақытта шығарманың үнин шығармайды, усыны есиңде тут!

Тағы бир айта кететуғын нәрсе, шығармаңызда сөзлерди орын-орнына қойып пайдаланыў жетиспейди. Мәселен, алтыншы абзац, төртинши қатарында «салысы сууға кетти» деген сөзди қолланыпсыз. Бул исенимсиз, қалада, оның ортасында салы өлим жей ме? Тағы гүрриңде узын-шубай кеткен, мүмкин болғанынша қысқартыўға болатуғын сөзлер баршылық. Мәселен, «төбе шашы тик турды» деген сөзди неге «қорықты» деп ала қоймадыңыз? «Еси жоқ» деген сөзди неге «жинли» деп алмадыңыз? «Көзиниң алды қараўытып, жер көрмей кетти» деген сөзлерди неге «таўық көз» деп алмадыңыз? Соннан кейин гүрриңниң ең кейниндеги абзацтағы «Ийт ширкин» деген сөзде дым жараспай тур. Оны сиз орысша-ақ «собака» деп алып жибергенде қатып кетер еди.

Сөзимниң ақырында сиздей жас жазыўшыға буннан басқа да беретуғын кеңеслерим көп.

1. Гүрриңниң орталарында сиз өз геройыңызға арақ иштирипсиз. Арақ жәмийетимизге жат нәрсе. Сол жерди қатық ишкен етип өзгертсеңиз екен.

2. Гүрриңниң еки жеринде самал арқадан еседи. Бунық биреўин қубладан естириў керек.

3. Гүрриңде «үндеў» белгиси көп қойылып кеткен. Бунық жартысын «сораў» белгиси менен аўмастырыў керек.

4. Гүрриңниң төрт жеринде сиз өз геройыңызға қатты қатты жөтелдиресиз. Бул көбирек, жартысын түшкирген етип аўмастырыў керек.

5. Гүрриңниң басында сиз өз геройыңызға рокотка менен бир өтип баратырған адамды аттырасыз. Бул исенимсиз, мылтық пенен аттырыңыз.

6. Гүрриңниң аяғында жамғыр жаўып, геройымыз жаўын астында қалады. Буны қарға өзгертиў керек, қар жаўынға қарағанда мәдениятлырақ!

...Улыўма усы нәрселерди есапқа алып, сиз гүр-

риңизди және бир мәрте ислеп шықсаңыз, буннан да жақсы гүрриң болатуғыны сөзсиз!

**Сәлем менен Гулмурат Таўбаев.**

## ҚОРАЗ ДЕГЕН АТЫМЫЗ БАР...

«Ассалаўма әликум, қәдирли адамлар. Мен барлық қоразлар туқымының атынан сизлерге мынаны айтпақшыман.

Биз қоразлардың хызметин сизлер ҳәммеңиз жақсы билесиз. Биз қоразлар сиз адамларға неше әсирлер бойы хызмет етип киятырмыз. Азанда ерте турып шақырамыз. Шөжелерди пышықтан қорыймыз. Мәйек туўғысы келмей жүрген ериншек таўықлардың изинен қуўып, көп узамай мәйек туўатуғын етемиз. Керек ўақтында, я үйлериңизге қонақ келгенде, ҳәтте, шийрин жанымызды да аямай сизлерге гөш болып қазаныңызға түсемиз.

Бирақ, бирақ соңғы пайытлары сиз адамлар биз қоразлардың үстинен биротала күлиўге қарадыңыз. Бизлердиң Қораз деген уллы атымыз бар. Әне, усы атқа дақ түсирип атырсыз. Мәселен, ҳәр базар күни биз қоразларға пул тигип, бир-биримиз бенен қыргын урыстырасыз. Дурыс, биз бурынлары тойларда урысып, сизлерге тамаша берип келгенбиз. Бирақ, ҳәзирги урыстырыўыңыз әдил емес. Көп пул тигесиз және үш-төрт саатқа дейин дем бермей урыстырасыз.

Булар аздай Қораз деген атымызға және де дақ түсириўди даўам еттирип атырсыз. Усы күнлери көп ғана үйлерде қораз тийин жыйнағыш деген бәле бар. Копильник. Усы копильниклерди биз қоразларға дәл өзи етип уқсатып соғып, соң тас төбемизден ғана тесип, сол тесиктен ишимиз толғанша не бир тийинларды таслай бересиз, таслай бересиз. Усы ишимизге ҳәр тийин түскен сайын селк ете қаламыз. Мине, бул қоraздың үстинен күлиў деген емес пе? Булар-әм ҳешгәп. Тағы айырым үйлерде қораз графин деген бар. Усыған суў қуйып, ал базы биреўлериңиз арақ, коньяк қуйып, ҳәз етип ишесиз аў. Мине, булда қораздың үстинен күлиў деген емес пе?

Буларды да, яқшы деп қоя турайық. Тағы ана Тир деген мылтық атып үйрететуғын жер бар. Қарап тур-

саң муштай жуўернемеклерге дейин биз қоразларды атып үйренеди. Усы оқ тийген ўақтында жалп етип қулаймыз. Мине, булардың барлығына еплеп шыдап келип едик, енди бес-алты жылдан бери қораз кампит деген бәле шықты. Қай жерге барсаң, қораз кампит сатып турған жап-жас келиншеклерди көресиз. Базарлардың алды, мектеп пенен бақшалардың дөгереклеринде баса-бас қораз кампит сатылады. Олар қуры өзимизди қораз кампит етип сатса екен-аў, айтыўға да қолайсыз, сонда да айтайық. Ҳәзир ҳәмме жерде жәриялылық. Олар бизлердиң қуйрығымызға шөп жабыстырып сатады аў. Буларды услап атырған милиционер жоқ. Қайтама, жақында бир милиционердиң өзиниң қораз кампит сорып турғанын көрдим. Бир тамсанып сорыйды-әй, жаңағы милиционер. Мине, булда биз қоразлардың үстинен күлиў деген емес пе?

Жолдас, адамлар! Ақыры, бир ойланып көриң. Ҳаў, биз қораздан да басқа үй қуслары бар емес пе? Мәселен, түйе таўық бар, ғаз бар, үйрек бар. Неге солардың да қуйрығына шөп жабыстырып сатпайсыз? «Обязательно» биз қоразлардың қуйрығына шөп жабыстырып сатыўыңыз керек пе?

Мине, сол ушын сизлерден өтиниш. Бизлердиң қораз деген уллы атымыз бар. Ендигиден былай усы атымызды қәдирлеўге шақырамыз!

## УРЫ

Жумыстан бирге келген ҳаялымыз екеўимиз есигимиздиң аўызына келип лал болып қалдық. Есик қулпы сындырылған, ал үйдиң иши болса астан-кестен болып атырған еди.

— Үйге уры түсипти, уры...ы!—деди ҳаялымның көзлери кеседей болып.—Қудайдан ғана тапқырлар, үйимизди күпә-күндиз тонап кетипти.

Демниң арасында қоңсы-қобалар жыйналып қалды. Биреўлер қашшан-ақ телефон урған болса керек, тап үйимиздиң жанына төбесинде жанып-өшетуғын көк мигалькасы бар, қызыл белбеўли жеңил «милиция» машинасы келип тақтады. Көп узамай пуқара кийиминдеги тергеўши үй ишимизден жоғалған затлардың дизимин ала баслады.

— Мына тартпада отыз бес сом ақша бар еди, соны алып кетипти!—дедим мен.

— Тағы не жоқ?—деди ол жазып алып.

Буннан кейин бизлер үйдеги затларды түўеллеп жүрип, бул қандай көзи көрмейтуғын уры екенине таң қалдық. Төрги бөлмедеги шифоньер ишиндеги ҳаялымның қымбат баҳалы көйлеклери, еле тигилмеген материаллары өз орнында болып шықты. Япон магнитофонымызға да тиймепти. Норка малақайымда өз орнында илдириўли қалыпты. Гилемлер болса баз-баяғы былай-былай қозғалмапты.

— Шамасы, буларды алып кетиўге әлле кимлер кесент берген болса керек.—деди тергеўши де өзинше тацланыўы менен сөйлеп,—Сөйтип үйден асығыс шығып кеткен болыўы итимал. Болмаса, урылардың биринши көтерип кететуғынлары усы нәрселер ғой.

Ҳаялым усы пайытта бирден есине бир нәрсе түскендей бағанағы шифоньердиң төменги жағын тинтип, оның ишиндеги бар затларды сыртқа ылақтыра баслады. Ол қандай да бир нәрсени жойытқан еди. Бир ўақытта сылқ етип отырып:

— Көрдиңиз бе, ол уры тап усы жерге жасырып қойғанымды билгендей алып кетипти,—деди.

Тергеўши екеўимиз бир-биримизге қарасып қойдық. Әсиресе, мен ол не нәрсе екенине қатты қызықтым. Ҳаялым және меннен бир нәрсени жасырып жүрген болмасын.

— Ол жерде нең бар еди?—деди тергеўши оған.— Не болса да баҳалы бир затың болды ғой, қатты қыйналып кеттиң.

— Аўа. Ол усы күнлери мен ушын ең қымбат нәрсе болып тур!

— Түсиникли. Милиция турмысында бундай тек бир нәрсени арнаўлы түрде урлаў болып турады. Анаңнан бир ўақытлары саған естеликке қалған гүмис, я болмаса алтын билезик емес пе еди?

— Яқ.

—Я болмаса ол жерде баҳалы жүзигиң бар ме еди?

— Яқ.

— Жасырмай айта бер. Тағы ана мың ярым сомлық гәўҳар таслы сырға болып жүрмесин!

— Яқ, ондай емес.

— Таптым. Бүгинлери чех хрусталы мода. Ҳаяллар

усыны күйеуинен жасырып жыйнаўға қызығады. Сондай бир суп сулыў хрустал рюмкаларыңды тығып қойған жоқ па едиң?

— Яқ, — деди ҳаялым.

— Я алтын саат па?

— Яқ.

— Онда тислериңе таярлап қойған алтын қаплатқышларың емес пе?

— Яқ.

— Онда не нәрсе?

— Бул жерде тығып қойған ең соңғы еки бөлек кир сабыным бар еди,—деди ол ылақтырған затларын жыйнай баслап.—Ант урған уры буны да алып кетипти. Ертең ғана кир жуўайын деп отыр едим.

Тергеўши екеўимиз бирден күлип жибердик. Ал, ол болса керек десең бизлердиң күлкимизге қосылып мыйық та тартқан жоқ.

## ҚЫЗЛАРҒА ҚЫСҚА КЕҢЕСЛЕР

Қыз болғаннан кейин түбинде изиңе жигит түспей қоймайды. Сол ушын қызларымызға қурттай болса да қысқа кеңеслер бермекшимен:

...Ушырасыў пайтында аўзынан арақтың ийиси мүңкиген жигиттен сол күни кетип тыңғаның мақул.

...Жанында жүргенде жан-жаққа жалтақлап қарай беретуғын жигит түбинде бир сөзли болып келмейтуғынын билип қойғаның шеп емес.

...Муздан өтерде биринши сени алдына жиберип, соң изиңнен ерген жигит қай ўақытта да оңбайды. Сол күни оның менен мәңги хошлас.

...Жанында жүргенде узақ есиней беретуғын жигитен де без. Бундай жигитлер уйқышыл болады.

...Гүлге, китапқа, шахматқа, бүлбилдиң сайрағанына қызыққан жигитлер дүнья таба алмайтуғынын есте шығара көрме. Бундайдан тезирек басыңды алып қаш.

...Бирге қыдырып жүргениңде тыпыршылап «саатың неше болды?» деп сорай беретуғын жигитлер ўақыттың да, сениң де қәдириңди түбинде билмейтуғынын билип қой.

...Түшкирип қалғанда қалтасынан орамал табылмаған жигиттен сол ўақытта басыңды алып қаш.

...Жанында жүргениңде бурқыратып шегип, сигарета қалдығын өширмей кететуғын жигиттен сақлан. Оның менен хожалық болсаң, қай ўақыт бир ўақ үйиңди өртейди.

...Бирге жүргениңде «я қудайым», «я алла» дей беретуғын жигиттен де тезирек безгениң мақул. Адамның өзгериўи демде, бундай жигит қартайғанда дүмше молла болып кетиўи итимал.

...Дүканшыдан қайтымын сорамаған жигит пенен түбинде хожалық бола алмайтуғыныңды бил. Ол бар тапқанын усылай шашыў менен жүреди.

...Кеше қаяқта болғаныңды қайта-қайта мыжып сорай беретуғын жигиттен де тезирек қутыл. Бундайлар гүманшыл болады.

...Тосыннан ийт үргенде селк ете қалып, саған тығылған жигитти сол ўақытта ийтерип жиберде, қайтып ондай қорқақтың қарасын көрме.

Улыўма, бул кеңеслерди және де даўам етип кете бериўге болар еди. Әттең, буларға исене берсеңиз, сиз қызлар жигитсиз қаласыз ба деп қорқаман.

## ӨТИНИШ ХАТ

«Ҳүрметли редакция. Мениң сизге бул екинши мәрте хат жазыўым. Биринширин, буннан бир жыл бурын жазған едим. Ядыңызға бир түсирип көриң, ол хат «Қашан бизиң аўылдың тусында бәндирги қурылады?» деп аталады. Хатта үлкен гүзар жолының бойындағы бизиң аўылдың тусында автобус тоқтап өтетуғын орынның жоқ екенлиги, жолаўшылардың жаздың шыжғырған ыссысында, қыстың қақаман суўығында ашық ҳаўада жанын қыйнап автобус күтип туратуғынын жазып едим.

Редакция! Бул жиберген хатым далада қалмады. Сизге сол сапары көп-көп рахмет. Бул хатымды тийисли орынларға жиберген екенсиз. Дәрриў өткен жазда район басшылары бир айдың ишинде қатырып турып жаңа типовой бәндиргини қурып берди.

Сиз енди буған таң қалып, бәндиргини қурып берсе болғаны емес пе, енди несине хат жазып отыр екен деп таңланып отырған шығарсыз. Бунын басқа

бир тәрепи болып тур. Бәндирги әп-әнедей қурылыўын қурылды да, қапылып басқа, бизге ең керек жағы келиспей қалды. Бул бәндиргиде автобус дегенниң барлық тухым теберигине шекем тоқтамай, зуўлап жанынан өтип кете беретуғын бәлени шығарды. Әсиресе, ана күнги суўықларда қатты қайналдық. Бәндиргиниң ишинде, сыртында зирдек қағып тоңып, азаннан кешке дейин автобусқа мине алмай, аўылға қайтып кеткен күнлеримиз болды. Сол ушын басқа бир өтинишимиз болып тур. Бул бәндирги де енди еки бастан автобус тоқтамайтуғын болғаннан кейин, оны жақсылап турып қысқы жағдайға бейимлестирип бериўге жәрдем берсеңиз екен. Ол онша қыйын емес. Бәндиргиниң үш тәрепи еки бастан гербиш пенен өрилип бекленген. Қалған бир тәрепине де қыйланбай бир машын гербиш пенен өрип, оған еки кишкене айна қойып берсе екен. Буннан кейин иши сыртын жеңил-желпи сыбап, соң поллап, печь қурып бәндиргиниң төбесине, моры шығарып берсе қатып кетер еди. Отын сол дөгеректен еплеп табылады. Болмаса өзлеримизақ бир тележка томар түсиремиз. Буларды ислесек, жолаўшы кемпир-ғаррылар, бала-шағалар ушын үлкен жәрдем. Автобус тоқтамаса, терис тоқтасын. Басқа бир көликтиң рети бола кетер. Булда болмаса жолаўшылар бәндиргидеги ыссы печьке жылынып, аўылына мәс болып қайта берер еди.

Редакция! Сизге өтинишимиз усы болып тур. Тезирек буны тийисли орынларға билдирсеңиз екен».

## АЗАП ПЕНЕН ӨЛГЕН ИЙТ

Алланияз ярым жылдан бери келалмай жүрген досты Толыбектиң үйине келди. Екеўи апақ-шапақ болып аўқатланып, соң бир-бир кесадан ыссы көк шай ишти. Буннан кейин сыртқа самаллаўға шықты. Алланияз усы ўақытта жан-жағына қарап, бир нәрсе жойытқандай болды.

— Толыбек, былтырғы үйиңдеги үлкен қасқыр ийтиң көринбей ме?

— Досты аўыр гүрсинип, қалтасына сигаретасын алып тутандырды.

— Ол қасқыр ийттен айырылдық, Алеке!

— Ҳаў, қалайынша? Сондай ип-ири, дым жақсы таза ийт еди ғой.

—Ауа, сорама—деп және гүрсинди Толыбек.—Ол ийт өлди!

— Өлгени қалай, аўырды ма?

— Яқ, ол ийтим азап пенен өлди. Тап қатты қыйналып жан тапсырды. Ҳо, ана жердиң аяқ бетиндеги гербиш дийўалды көрип турсаң ба?

— Аўа, ол дийўалдың неси бар?—деп таңланды досты.

— Әне, сол дийўалдың аржағындағы еки қабат жай сатылып, үш-төрт айлықта ол жайды бир өл деген бай таярлаўшы қассап киси сатып алды. Ол қассаптың да, тап бизикиндей үлкен қасқыр ийти бар екен.

— Ҳе, түсиникли болды,—деп мырс етип Алланияз досты оған.—Сениң ийтиң сол ийт пенен таласып, сөйтип жеңилип өлген шығар.

— Яқ, өйтип таласып өлгенде ҳеш қыйналмас едим аў. Азап пенен ғана өлди ғой.

— Ҳаў, онда айтса. Ол қалайынша азап пенен өлип жүр?

Толыбек қалтасынан және бир сигаретасын алып тутандырды ҳәм басын шайқаўы менен бир гүрсинип сөйледи.

— Әй, сорама достым. Сөйтип жаңағы көшип келген таярлаўшы қассап киси ийтин ана дийўалдың аржағына байлап қояды. Ал, әпиўайы рабочий болып ислейтуғын биз бийшара ҳешнәрседен хабарсыз дийўалдың бержағына байлап қойдық. Соннан қассап әкеңниң үйинде күнде азанда бир сыйыр, я болмаса бир семиз баспақ сойылады. Сол сойылған сыйырдың жақ сүйеклерин, талағын, ишеклерин, басқа да қалдықларын ийтине әкелип таслайды. Ийти оны ҳ[illegible]тип кемирип жейди. Буны дийўалдың бержағындағы бизиң ийт ийисинен сезип, бийшара өзин қоярға жер таба алмайды. Зар ийлеп, шынжырын тартып, үсти-үстине қаңсылаў менен болады. Маған көзлери мөлерип қарайды, дийўалдың түбин аяғы менен тырмалайды. Себеби, ол дийўалдың аржағындағы ийт мол-молақай таза сүйек кемирип атырғанын сезип атыр. Бул аздай кешке қарай ол таярлаўшы қассаптың үйинде және бир тана сойылады, тағы оның ийтине жақ сүйеклери, талағы, ишеклери тасланады. Ал, бизиң ийт болса

жəне өзин қоярға жер табалмайды. Маған мөлерип қарайды, ырылдайды, жаңағы дийўалға ҳəрбир шапшыйды. Маған ол қаншама буйткени менен мениң оған беретуғын күнде сүйек пенен гөшим жоқ. Бала шағама зорға ҳəптесине бир мəрте гөш таўып берип отырман.

— Ўəй, бийшара ийт-əй. Сөйтип не болды?

— Соң не болатуғын еди, достым. Ақыры, бизиң ийт көпке бармады. Дийўалдың түбин тырмалап-тырмалап, бара-бара маған қарап үретуғын болды. Мен оның ашыўлы көз-қарасынан: «Сен мени буйтип, мына дийўалдың аржағындағы ийттен кем етип сақлағанша, мени терис, арқаға қарап сақласаң болады ғой. Неге мени өз қолың менен өлтирип тасламайсаң!» деген сөзлерди оқығандай боламан.

— Ўай, бул дүньяның теңсизлигин-əй!—деп қыйланды оның досты Алланияз.—Сөйтип кейни не болды?

— Кейни не болатуғын еди. Дийўалдың аржағындағы таярлаўшы қассаптың ийти күнде таза сүйек кемириўин даўам етти, ал бизиң ийт бийшара күннен күнге азып-тозып кетти. Бара-бара бизлер қуйған жуўындыны ишпейтуғын болды. Үриўди де қойды. Бир күни азанда қарасам, бийшара ийтим дийўалдың түбин тырмалўы менен жан берипти. Сөйтип сол қасқыр ийтимиз азап пенен өлди аў, азап пенен өлд...ии!

## ҚАРЫЗ

Сəтилла азан менен оң жақтағы қоңсысының көк дəрўазасын қақты. Иштен бир күшиктиң үргени, кейин ала жөтелген биреўдиң «кимсең?» деген қарлыққан даўысы еситилди.

— Кеўлимжай, ҳаў, хабарласып кет. Бир жумыс болып тур!

— Сəтилласаң ба?—Дəрўазаның кишкене есиги ашылды.—Ҳаў, аманлық па? Азан менен ол не жумыс?

— Ал, қоңсы бир жумыс пенен келип турман. Қуда қəлесе питкеретуғын шығарсаң. Үйде бир тийин ақша болмай тур. Балларға бир кийим алмақшы едим, 100 манат қарыз берип тур. Бир ҳəптеден кейин əкелип беремен!

Көўлимжай басын шайқаўы менен дәрўазасына жабысқан бир түйир ылайды тазалап атырып сөйледи.

— Ўай-ўай, қоңсы. Ал, үйде бир тийин болса буйырмасын. Кеше шемби күни еки шақырыққа бардық. Мына Есемурат қызылдың үйинен сорап көрсең-оо!

Арадан көп ўақыт өтпей Есемураттың айнасы қағылды. Иштен майкишең оның өзи көринип, есинеўи менен форточкасын ашты.

— Ҳаў, қоңсы азан менен жүрсең ғой. Бизлер енди ғана турып атырмыз. Жайша ма еди?

— Ал, қоңсы саған исенип киятырман. 100 манат ақша қарыз берип тур. Бир ҳәптеден кейин жеткеремен!

— Пай, Сатилла аға. Усы ўудай қымбатшылық күнлери үйде ақша туқымы тура ма? Базарға бир кирип шықсаң, алпыс-жетпис сомың жоқ деп қоя бер. Сен былай ет. Идирис хабаршының үйинен сорап кө...рр!

Бунның бахтына Идиристиң өзи үйиниң алды шаңғытпаўы ушын жиңишке шлангадан суў себелеп тур екен. Екеўи узақ сәлемлести.

— Сәке, азан менен келип қалыпсаң?

— Аўа. Ал, қоңсы 100 манат ақша керек болып қалды. Бир еки қоңсы-қобадан сорап шықтым, енди тек сен қалып турсаң!

— Қанша?

— 100 манат.

— Сәке, тап сол ақша үйде жоқ. Еки күнликте бираз ақша бар еди. Мына, үйдеги қатын акция деген бәлени ойнап, бәри соған кетти.

Сәтилла буннан кейин де еринбеди. Тағы еки қоңсысының үйине кирип шығып, олардан қарыз ақша сорап шықты. Бирақ, оларда негедур бергиси келмеди. Ақыры, өз үйине қайтып келди.

— Не қылдың, таптың ба?—деди оның ҳаялы асхана беттен бақырып.

— Табылмады. Тап барлық қоңсы-қобаларға кирип шықтым, ҳешқайсысы қарыз бермеди. Енди не қыламыз?

— Қудайым, енди не қыламыздан сақласын!— Ҳаялы тоңқылданып сөйледи.—Бермесе, олар терис

берсин. Бул күнлери қоңсы-қобаларда адамгершилик, бир-биреуге жәрдем қолын созыў деген қалды. Бир жаққа көшип кетип баратырған жоқпыз, қоңсыны ушын 100 манат берип турғанда не қылады екен. Билемен, сол қарыз сорап шыққан үйлериңниң бәринде де мол-молақай ақша бар. Ғарры, усы баларымыздан аямайық. Үйдеги пулдан-ақ ала қойғанда болмай ма?

— Уай-бой, ҳаял. Жаңа жыйналып 9 мың болып тур еди. Алсақ ала қояйық, пай басы бузылып кететуғын болды аў!

## БАҚЛАУ

— Мынаў қандай ҳәрип?

— «А» ҳәриби!

— Дурыс емес.

— Неге?

— Бул «В», ал мынаў-ше?

— «А»!

— Және қәтелестиңиз, бул «Г» деген ҳәрип. Ал, мынаў қандай ҳәрип?

— «А»!

— Жоқ, бул «Е»!

Усылайынша көздиң көриў узақлығын тексерип турған көз докторы еки көзи қыпылықлап отырған жаңағы адамнан және бес-алты ҳәрипти сорап көрип еди, ол удайы «А» ҳәриби деп жуўап бере берди. Буған таң қалған көз докторы, оны тағы сынай баслады.

— Мынаў қандай ҳәрип?

— «А»!

— Жоқ, бул «Т». Ал мынаў ше?

— «А»!

— Жоқ бул «С».

Усы ўақытта жаңағы адам орнынан ушып турды да, еденди қайта-қайта тепкилеп бар даўысы менен бақыра баслады.

— Мүмкин емес, мүмкин емес!

—Не мүмкин емес?—деп таңланды көз докторы.

— Сонша ҳәриплердиң ишинен «А» ҳәрибиниң шықпаўы, ол ҳәрип қаяққа кеткен?...

## ҲАУА РАЙЫ

Апрель айында ҳаўа райы қандай болады? Ол ортаща ишинде сексеўил жанған темир печьтиң беретуғын ыссылығының әтирапында болыўы күтиледи.

Пайтахтымызда бул айдың биринши он күнлигинде ҳаўа райы тез-тезден жылмақайланып өзгерип турады. Арқа муз океаны беттен көшип киятырған қалың булт Калинин көшесиниң үсти менен Қара таўға қарай жаўмай өтип кетеди. Ҳәптениң тақ күнлери ҳаўаның температурасы тандырдың ҳәўириндей жыллы, ал жуп күнлери салқынырақ болады. «Жаўын»ның болыўы, «шашын»ның болмаўы күтиледи. Түнде Шымбай тәрептен, ал күндиз Ленинабад беттен бир ярым ат күшине ийе даўыл еседи. Айырым жерлерге Кегейли районының үстинен туўрылап Шақаман беттен бир неше күшли қуйын өтиўи мүмкин.

Айдың екинши ҳәм үшинши он күнлигинде пайтахтымыздағы микрорайонларда күн әсте ақырынлық пенен жылый баслайды. Қай жума екени дәл белгисиз. Бир жумада бирден аспанда шақмақ шағылып, гүлдирмама гүлдирлейди. Бирақ күшли жамғыр жаўмайды, тек ири тамшылар тамшылап қоя қояды. Бунын есесине ала шаңғыт пайда болыўы итимал. Бунын изинен тынбай бир ҳәпте батыстан, еки ҳәпте Қыдырбай қассаптың үй бетинен өлпең шамал турады. Айырым жерлерде бул шамалдан ашшы дуздың белгиси сезилиўи күтиледи.

## ҲАЯЛЫМНЫҢ ЖАҢА ЖЫЛҒЫ ИС ПЛАНЫ

Бул ҳаяллар дегенди қоя бер сирә! Олар иси еригип кетсе не менен шуғылланбайды дейсең. Усы гейде денең түршигеди.

Жақында мен үйде бир нәрсени излеп жүрип, ҳаялымның жүктиң арасына жасырып қойған бир қағазларын таўып алдым. Ол не екен деп оқып қарасам, мениң үстимнен алдымыздағы киятырған жаңа жылға дүзип қойған ис планы екен.

### Январь

Еркек дегениң бул барып турған гөдек болады. Жас ўақтындағыдай жақсы көрип, асты-үстиңе ту-

сип, көп ығыңа жығыла бериуине болмайды. Мойны-ңа ғана минип алып, соң сени көзине илмей кетеди.

Жаңа жылдың усы бириншн айынан баслап, оны жең түринип қолға алыуым керек. Усы ўақытқа дейин бозда ойнақлағаны жетер. Қалай болмасын айтқаным-ды еки етпейтуғындай етип, төбесинен жерге ғана қа-зық етип қағып қойыуым керек.

## Февраль

Журттың ҳаяларынан мениң қай жерим кем. Қа-шанға дейин қулағыма жети сом жетпис бес тийин-лық «простой» сырға тағып жүремен. Бул айда қалай болмасын үйдеги «жаманды» көндирип, алтын сырға сатып алдырыўым керек.

Егер алып бермесе, өз обалы өзине. Онда не қыла-туғынымды өзим ғана билемен. Күнде азанда кеште қазан-табақларды тасырлатаман, балаларымды әйте-ўир нәрсеге шымшып жылатаман, телевизорды барын-ша қояман, азанда жуўынатуғын суўына холодиль-никтен муз саламан, үйдеги пышықтың қуйрығын қай-та-қайта жортаға қапыда қалдырып мыяўлатаман, бу-лар азлық етсе, ана жазып жумыс ислейтуғын бөлме-сине от тұқымын жақпай, форточканы ашып қояман. Қудайым, тоңып силейип қалсын!

## Март

Бул еркеклер ушын ең қәўипли ай. Бәҳәрдиң елп еткен шамалы, олардың жаман мурнына тәсир етип, қытықламай қоймайды. Бизиң үйдеги жаманнан да сақ болыў керек. Басқа сулыў ҳаялларға көз салып қойыўы мүмкин.

Сол ушын бул айда қолдан келгенинше оның кү-тимин бермеўим керек. Қатырып турып, аўқат жағынан қысаман. Күшли аўқатлар болған гөш, мәйек деген-лердиң тұқымын қазанға жақынлаттырмайман. Күн-де өлмес ғана тамағын берип, шала-жансар етип қоя-ман. Әне, сонда ол өмир аллада басқа ҳаялларға кө-зиниң қыйығын салмайды.

## Апрель

Еркек дегениң бир қолынан келмейтуғын иске ара-ласа беретуғын халық болатуғын қусайды. Бизиң үй-

деги еркекте солай. Сумирейип жүрип, гүрриң бе, очерк пе, қосық па, новелла ма, әйтеўир бөлмесинде бир нәрселерди түртип жазады да отырады.

Усы жазғанлары газета бетинде көрине қойса, дәрриў гонорарын өзине бермей қағып алып турыўым керек. Ал, егер буған қарсылық көрсетсе, оның жолы аңсат. Ана жазып жүрген қағазларын «баллар алған шығар» деп ешки қорағa тығып таслайман. Илайым, шыр-пыры шығып излеп жүрсин. Сөйтемен де, оларды майдалап туўрап ешкиниң жемине қосып жиберемен.

## Май

Бул бизиң үйдеги еркектиң мийнет отпускасына шығатуғын айы. Жаман, быйыл да былтырғыдай Ферғанада дем алып қайтаман деп отырған шығар. Қудайдың өлимине ғана дем алар!

Егер тыңламай дем алып қайтаман деп берсе бар ғой, оны қалдырыў биз ушын шимишке шаққандай аңсат. Бир шириген мәйекти шала писирип берип, ишин тас талқан етип аўыртаман. Үйде иши бүрип жата берсин!

## Июнь

Бул айда мениң туўылған күним келеди. Туўылған күниме ол жаман не сыйлар екен. Бир айта жүретуғындай нәрсе сыйласа тәўир болар еди аў.

Өзи жылына бир келетуғын күн. Усыннан бир жақсы нәрсе сыйламай көрсин, оның азабын беремен. Күнде дузы басым аўқат, шәмбеге демленген шай, геширсиз палаў, пияздың қабығы салынып писирилген манты, сүти ирип кеткен қара шай, ишинде шыбыны бар кампот берип ғана сорын қайнатаман!

## Июль

Бул ең ыссы ай. Бул айды бизиң үйдеги еркек жақсы көреди. Күнде жумыстан кейин жекен қалпағын басына кийип, еринбей «Ашшы көл» бетке шомылыўға кетеди.

Қолдан келсе оны «Ашшы көл» бетке жибермеўим керек. Еркек дегенде ес болама? Бир нашарға қызып изинен ылағып кетиўи мүмкин.

## Август

Бул айда күйеўимниң мийине қурт болып түсип, сырттағы суў кранын ишке тартқызып алыўым керек. Шелек көтере бериўге фиғурам бузылып кете ме деп қорқып жүрмен. Кишкене резинка шланга менен тупа-туўры қазанға суўды қуйғанға не жетсин!

Ал, егер буған көнбесе жолы аңсат. Тақыр жерден шаң шығарып, төркиниме бир ҳәптеге кетип қаламан. Үйде балаларын сағынып, жолыма айдай қарап отырсын!

## Сентябрь

Бул ай үлкен баланың мектепке баратуғын айы. Оған бир қатар кийимлер алыў керек. Бирақ, олар ҳеш гәп. Әйтеўир, жалаңаш жүрген жоқ. Өзимди көбирек ойлаўым керек. Бул айда алдымызда қыста кийетуғын бир ондатра топпы сатып алыўға ҳәрекет етиўим керек.

Егерде буған да қарсы шықса, онда төсегин асханаға салып беремен. Сол жердеги нан гөреклер талап уйықлатпасын!

## Октябрь

Бул айдың ақырына шекем бизиң «жаман»ның туўылған күни келди. Ол бул күни қарап жата ма? Үш-төрт жора-жолдасын шақырыўы мүмкин. Оларға тамақ писириў, күтиў деген не деген мийнет.

Қолдан келсе, оларды бул жылы шақыртпаўға ҳәрекет жасаўым керек. Оның жолы аңсат. Туўылған күнине бир күн қалғанда ақ майды шала күйдирип, оны аўқаттан ушындыраман. Әне, соннан кейин аўызы басына қаплаған ушық шығып, қонақ шақырыў деген саўдасын қоя қояды.

## Ноябрь

Бул айда күйеўим светтиң, газдиң, квартираның бир жыллық пулын төлеймен деп отырған шығар. Қолдан келсе төлеттирмей, ендиги жылға қалдырыўым керек.

Егер бул ойым иске асса, пулына үйдеги жатып оқып атырған сиңлиме еки алтын тис салдырып бериўим керек. Оның да тиси қурдасларыникиндей бир жалтырап жүрсин.

## Декабрь

Бул айды да қуда қәлесе, босқа өткермеспен. Қайта-қайта изленип бул жылғыдан да бес бетер етип, үйдегиниң үстинен алда киятырған ендиги жаңа жыл ушын ис планын дүзиўим керек.

# МЕНИҢ ҲАЯЛЫМ ЖАЗЫЎШЫ

Мениң усы ўақытқа дейин жазыўшы болғаным жетер. Бәрибир он үш жылдан бери ҳеш нәрсе арттырмаппан, еле баяғы жас жазыўшы екенмен. Сонша нәрсе жазсамда я бир лауреатлық атақ болып, я бир әдебий сыйлық болып, ҳешқайсысына илинип көрмеппен. Бар жазып дөреткеним төрт-бес повесть, тоғыз пьеса, жүзге жақын ҳәр қыйлы жанрдағы гүрриңлер екен. Буннан басқа төртлик тақтайдың қалыңлығындай үш китабым ғана жарық көрипти. Бизге бар буйырып болғаны усылар шығар, енди жазыўшылық деген қыйын талапты тасламасам болмас. Қәдимги сегиз саатын санап бертуғын корректорлық бир жумыс таўып аларман.

Мен усы ойға анық берилип, үйдеги үсти қағазларға толып атырған жазыў столымнан турып кеттим. Бирақ, оннан көп узақлай алмадым. Мен өзи базда кишкене баладай болып кетемен-аў. Усыннан егер жазыўшылықты биротала қоятуғын болсам, бурынғы үйге күн-ара почта арқалы келип туратуғын гонорарларды ендиги жағында маған ким береди. Әне, нағыз қам ҳәм шала ойлаў деп усыны айтсаң болады. Усы жағын ҳеш ойламаппан. Айтпақшы, усы гонорар дегенди табыўдың басқа бир жолларын қарастырып көрсем қалай болар екен? Мәселен, үйдеги өзимниң ҳаялымды жазыўшылыққа неге үйретип көрмеймен? Бурын ол овощ ларек ашатуғын еди, мойнына ярым тоннадай ерте писқен капуста түсип, еки бастан үйде жумыссыз қарап отыр. Саўат десе саўаты бар, он бир жыллық мектепти, алты айлық қысқа саўда курсын

питкерген. Тағы өзи жас жан, мен қусап шашына ақ түспеген, нерви шаршамаған. Усыннан оның қолемп жорғалап жазыўшылықты үйренип кетеғойса, гонорар дегениң бурынғыдай үйге қардай жаўып кетпейме? Гоқта, еле биреўдиң сыртынан тон пише бермейин. Эдеп ҳаялымның өзи менен бир сөйлесип көрейин, ол еле буған не дер екен.

Ларекши ҳаялым асхана беттен табылмады. Сыртқа излеп шықсам, жайдың қуяшламасына қойылған узын скамейкада пәкизе ғана ири семешкадан шағып отырған екен.

— Айшажан,—дедим мен оған сынай қарап.—Сениң усы жазыўшы болғың келеме?

Ол мениң мына сөзиме бир майдан ишек-силеси қатып күлип: «Тилеўбайжан, адамды ермек еткенди қойың. Мен бир ларекшимен, ларекшиден жазыўшы шығатуғын ба еди?» деп бирдан-ақ қолын бир силтер деп ойлап едим. Бул ойым пуш болып шықты. Ол керек десең қурттай болса таңланбады, жай-парахат түрде семешка шағыўын даўам етип:

— Болсам, болып көрейин!—деди бир есинеп.

Ларекши ҳаялым усы күни мениң талай шығармалар дөреткен бөлмениң гилтин алып, жазыў столыма барып отырды. Бир таң қалғаным сол, әдеўир жазыўшылық тәжирийбеге ийе, баспа сөзде бираз танылып қалған күйеўи болған мениң ақылымды да алған жоқ. Бүгинги актуаль болған қайта қурыў темаларына жазбай, қаяқтағы бир ларек ашқан ўақтындағы өзиниң басынан кеширген бир ўақыясын қағазға түсириўге киристи. Азанда турып жазғанын оқып көрсем, жаман емес қусаған. «Ларекши қыз» деген жети ярым бетлик гүриң пайда болыпты. Азырақ ғана жерлерин дүзетип берип едим, ол бир базарлап қайтқанында өз қолы менен жаслар газетасына тапсырып келди. Гүриң еки күннен кейин «мениң биринши гүррињим» деген рубрика астында басылып шықты.

Усы күни кешке қарай ол телефоннан редакцияда ислейтуғын әллекимниң узақ кеңесин алып, және жең түринип жазыўға отырды. Арадан ҳәпте өткен жоқ. Оның жети ярым бетлик гүрриңи бирден «Ларекши қыздың күнделиги» деген бир киширек жигирма үш бетлик повестьке айланып тынды. Көп узамай бул повесть жаңадан ашылған газеталардың биринде: «Даўа-

мы: Басы газетамыздың өткен санларында» деген көрсетиу менен бир ярым ай үзликсиз изли-изинен басыла баслады.

Мен өзи бурын билмей жүр скенмен. Адамның жазыўшылықтан бахты жүрейин десе демде екен. Повесть басылып болыўдан, бизиң бурынғы ларекши ҳаялдың абыройы бирден өсип кетти. Ол енди күн қуры емес, ҳәр қыйлы мәкемелерге ушырасыўларға шақырылатуғын болды. Көп узамай оның аты жөни белгили жазыўшылардың докладында илине баслады. Тағы арадан үш-төрт ай өткен жоқ. Мениң ойлағанымдай гонорарларда ҳәр жақлардан қардай бораи кетти. Әдебинде, өзи шыққаны бир повесть, бул гонорарлар бир жақлардан алжасып келип жүрген шығар депте журдим. Тексертип көрсем бәри дуппа-дурыс екен. Ҳәтте, ҳаялымның өзиниң де бирaзынан хабары жоқ болып шықты. Қашшан-ақ биреў радиодан повесттиң ишинен он бир бет үзинди оқып жиберипти. «Ларекши қыздың күнделиги»ниң орталарына таман үш-төрт куплет қосығы бар еди. Оған бир жас композитор халық намасы тийкарында нама жазып үлгерипти. Ол күн-ара радиодан берилетуғын болды. Телевидениеде ислейтуғын биреў еки бөлимли етип, әп-әнедей телекөрсетиў таярлапты. Ал, белгили режиссерларымыздың биреўи бул шығарманы үлкен театр ушын пьесаға айландырыўды баслап жиберипти.

Көп узамай ҳаялым СССР Жазыўшылар аўқамы ағзалығына қабылланды. Буннан кейин өзимиздиң Жазыўшылар аўқамына бас консультант болып жумысқа, арадан ай өтпей ол жердеги литфондтың баслығы болып шыға келди. Усы күннен баслап оның жолы болғыш болып кетти. Енди оның пленум докладларындағы узын дизимдеги аты-жөни геўгимдеги қурбақадай бурынғы орыннан алға секирип өте баслады. Белгили критиклеримиздиң де нәзеринен тыс шетте қалмады. Олар бизиң ҳаялдың повестиниң мазмуны менен идеясын тереңнен изертлеўге жең ҳәм балақларын түринип кирисип кетти. Көп узамай газета бетинде атақлы бир критикимиздиң «Бурынғы ларекши—бүгинги белгили жазыўшы», «Жаңа повестьтеги социалистлик реализм ҳәм оны типологиялық жақтан үйрениў» деген бир қатар илимий мақалалары жәрияланды.

Бул илимий мақалалардан кейин «Ларекши қыздың

күнделиги» повестиниң жолы кеңнен айдынласып кетти. Ол тез пәт пенен басқа туўысқан халық тиллерине, ҳәтте бир мәрте эстон тилине де аўдарылды. Бул басылымлар сол жақлардан үйге үсти-үстине бандероль болып келе баслады. Бундай бас айландыратуғын табыслардан кейин ҳаялым үйде де аз болатуғын болып кетти. Енди майда-шүйде блокнот пенен ручка беретуғын ушырасыўларға бармайтуғын болды. Бирақ, буның есесине тез-тезден үлкен бир орайлық қалаларға ҳәптелеп ушып, ҳәр қыйлы әдебий кешелерге қатнасып қайтып жүрди. Бир мәрте үлкен бир творчестволық жаслар фестивалының лауреаты болып қайтты.

Усылайынша ҳаялымның абыройы күн сайын артқан сайын, дәслепки күнлери қатты қуўанып жүрдим. Бирақ, кейин ала ойлана басладым. Ларекщи ҳаялымды өзи жазыўшылыққа бийкарға үйреткен қусайман. Бизиң аўҳал қыйынласа баслады. Мен енди баяғы өзимниң талай шығармалар дөреткен бөлмеме есикти қағып киретуғын болдым. Үйдеги аўқат писириў, бала тәрбиялаў қусаған көп жумыслар бизге аўдарылды. Телефон күни-түни тек ҳаялым ушын ғана ислеп турды. Буның үстине адамлар арасына: «бул ларекщи ҳаял бурыннан туўма талант екен. Байының баяғыдан берги барлық шығармаларын, бул жазып берген екен Ал, байы болса оларды он үш жыл бойы бети былш етпей өзиниң атынан жәриялап келипти» деген өсек хабар таралды.

Мен бәринен де бул өсекке шыдамадым. Соннан усы өсек расқа айланып кетсе, мениң талай түнлерде уйқыдан қалып дөреткен мийнетлеримниң бәри ап-аңсат ғана ҳаялымның атына өтип кетиў қәўпи бар. Бул мен ушын туўылған перзентлеримнен тирилей айырылыў менен тең. Қой, бурынғы таслаған жазыўшылығымды қайтадан қолға алмасам болмас. Жазыўшылар союзына тезирек барып жолығайын.

Ол жердегилер мени жақсы қабыллап күтип алды ҳәм әдебиятқа қайта араласыўымды дурыс деп тапты. Жақын ўақытлардың ишинде ағзалыққа да қабыл етип алатуғын болды. Бирақ, бул ушын белгили таныдыи қалған еки жазыўшыдан бизге рекомендация керек екен.

— Биреўин өзим-ақ берейин,—деди мени қабыллаған Жазыўшылар Союзының жуўаплы хатшысы.—Ме-

ниң де көп ғана шайырлардан абыройым кем емес. Қосықларымның төртинши topламы шығыўы алдында тур. Буның үстине жуўаплы хатшы деген атым бар. Бирақ, сизден бир өтиниш, екинши рекомендацияңды мениен абыройы күшлирек белгили бир жазыўшы берсин!

— Онда республикамызға белгили жазыўшы, не бир сыйлықлардың лауреаты Турымбет Қосполатовтан алсам қалай болар екен. Москвада сегиз китабы шықты ғой!

— Ол болмайды. Оның романлары төмен, урлық деп таўып атыр.

—Белгили шайыр Хожабай Сейтовтан ала қояйын. Тоғыз китабы шықты.

— Ол кисиниң қосық топламлары китап дүканларында өтпей, ишине нангөреклер уя салып атыр.

— Онда кимнен алсам екен?

— Сиз өзиңиз қызық екенсиз,—деди жуўаплы хатшы күйип-писип.—Я болмаса жортаға мениң өзимди айтсын деп турсыз ба? Көп жерге танылып қалған, нағыз сениң рекомендация алатуғын жазыўшың өзиң менен бирге турмай ма?

— Ўай-бой, мениң ҳаялымды айтасыз ба?

— Аўа. Басқа бизде оннан белгили болып қалған ким бар. Әне, соннан рекомендация аласыз. Болмаса, биз сизди ағзалыққа қабыл ете алмаймыз.

...Мен сол жердеги бир орынлыққа көмилип отыра кеттим. Япырмай бала, ол маған рекомендация бере қоярма екен. Бәле көринип пе, берер аў. Бир үйде турамыз ғой!...

## МАЗМУНЫ

Бүгиннен қалдырмай жибере гө-рр! . . . . 3
Бул сүуретти танып алың . . . . . . 5
Орынбасар сайлаў . . . . . . . 7
«Ғамхорлық» . . . . . . .11
«Ғазетаға шығыпты» . . . . . .14
Той беретуғын күн . . . . . . 16
Еркеклериңиз сорлап қалмасын десеңиз . . .19
Гүбелек самса . . . . . . 21
Жоқ болып кеткен мәкеме . . . . 27
Дизим . . . . . . . 29
Мәжилистен соң . . . . . . 34
Монтердың монологи . . . . . .36
Хат . . . . . . 38
Қораз деген атымыз бар . . . . . 41
Уры . . . . . . . 42
Қызларға қысқа кеңеслер . . . . . 44
Өтиниш хат . . . . . . . 45
Азап пенен өлген ийт . . . . . 46
Қарыз . . . . . . . 48
Ўақлаў . . . . . . . 50
Ҳаўа райы . . . . . . 51
Ҳаялымның жаңа жылғы ис планы . . . 51
Мениң ҳаялым жазыўшы . . . . . 55